Mhando Nhatu Dzevatendi

Ngatikotamisei misoro yedu. Nemisoro yedu yakakotamiswa, nemoyo yedu, handizivi kuti vangani vangade kurangarirwa mumunamato, ungasimudza ruoko rwako, uti, "Ishe, ndirangarireiwo, O Ishe." Pane zvikumbiro zvakawanda pano, mahengechepfu akagadzwa padhesiki.

2 Baba veKudenga Vanodikanwa, takaungana zvakare manheru ano pasi pedenga rino, uko kwaMakasangana nesu kakawanda, uye ndokuratidza rudo rweNyu kwatiri; apo tichiedza munzira dzedu dzakaninipa kuratidza rudo rwedu uye nekutenda kwaMuri, nokuda kweizvo zvaMakatiitira. Uye manheru ano tauya zvakare, Ishe, sevanhu vane zvavanoshaiwa, nekuti tinogara tichida Imi. Uye chero bedzi tiri pano panyika, tinoziva kuti ndiko kuchava kuchema, nekuti tiri muhondo. Uye tiri . . . Hondo iri kupisa, uye Makavimbisa uye mukataura kuti muvengi achaita seshumba inodzvova. Akasunungurwa pakati pevanhu, uye tinozviona kwese-kwese, seshumba inodzvova inodya zvainogona, nekuti anoziva kuti nguva yake ipfupi. Asi tina—tina ba—Baba vane hanyn'a nevadiki vaVo, uye kwaMuri tinotizira nezvikumbiro zvedu, manheru ano, Ishe. Tinonamata kuti Muchazvipa.

3 Uye nemahengechepfu aya ari pano, Baba, zvinoreva kuti kune vanhu vanorwara pane imwe nzvimbo munyika, uye vari kudana nekuKushuvirai, uye nekutenda kwaMuri, kushandisa kutenda kwavo pano kutumira mahengechepfu aya. Mwari, itai kuti mumwe nemumwe wavo apodzwe.

4 Tinoona simba reNyu guru, Ishe, nguva shoma yapfuura umo mukamuri iyo, nokudzoreredza ndangariro yakakwana kumukomana yakanga yakarasika. Tinoona simba reNyu guru, nguva nenguva, richibvisa hurwere uye richizarura zvakavanzika zvemoyo, uye nekuratidza vanhu, nekuvagadzika vakatwasuka muhurongwa. TinoKutendai, Ishe Mwari, 'nekuti zvinopfuurira chero munhu. Zvinopfuurira chero chinhu hacho chingazivikanwe nachero ani wedu, kuti Munogona sei kuzarura chikonzero chaicho, uye kuti chii chakazviita, uye kuti chakaita sei. NdiMi, Baba. Uye tinoziva, kuti, "Shoko rinonzvera zviri mumoyo, uye seMunzveri wepfungwa nezvinangwa zvemoyo," saka tinoKutendai nekuda kweizvi.

5 Uye zvino, Ishe, tinotenda kuti vanhu zvino, nemisoro yavo yakakotamiswa, vari kufunga pamusoro pezvinhu izvi, uye Mweya Mutsvene uri kutaura kwavari. Zvino itai kuti chimwe nechimwe chezvikumbiro zvavo zvipindurwe. Ponesai vanogona kuponeswa, Ishe, manheru ano. Vakarasika, dai vakapinda mukati uye vagoponeswa.

6 Tinotenda zvikuru kuona murwi muhombe uyo, wakakura wehembe nyoro apo, tichiziva kuti guva razarurwa; uye chivi chemunhu wakare chavigwa, chevazhinji vavo. Uye ndinoKutendai nekuda kwazvo, Baba. Zvino ngavafambe muHupenyu hutsva, mazuva avo ese asara. Kuburikidza neZita raJesu Kristu, tinozvikumbira. Ameni.

7 Ishe vakuropafadzei, vakupei chikumbiro chamanga muinacho pamoyo wenyu kuti chipindurwe.

8 Zvino, ndinotenda Billy akataura kuti Hama Wheeler vanga vane mwana mucheche mudiki. Zvanga zviri izvo here? Ndakanganisa ipapo here, anoda kuti akumikidzwe, kana chimwewo chinhu, kana kuti kukumikidzwa? [Hama Neville vanoti, "Ndinotenda kuti panga paine vana vacheche vatatu kana vana."—Mupepeti] Zvakanaka. Kana muchida kuvaunza kumusoro iye zvino, tingafara; kana vakuru vakauya kumberi, voisa maoko pamusoro pemachinda madiki, kuitira shumiro yekukumikidza. Uye tichaedza kungopfupikisa. Uye tinoda machinda madiki aya, anoda kuuya kuna Ishe Jesu, vanoda kuunza vadiki vavo—vavo vanokosha vavakapihwa naMwari. Tinogara tichiedza kuvagadzirira nzira, nekuti hatizive kuti ramangwana rakamira sei.

9 Amai vangu vaigara vachindiudza, "Usaverengera, kuzoita mangwana, zvinogona kuti zviitwe nhasi." Ndizvozvo, nekuti hauzive kuti ramangwana rakamira sei, asi tinoziva Uyo akabata ramangwana. Ndicho chikamu chikuru. Tinoziva Uyo akabata ramangwana.

10 Hama Wheeler, Ishe Mwari vakuropafadzei. Zvino ava ndiHanzvadzi Wheeler. Zvirokwazvo ndinofara chaizvo kusangana nemi. Uye ini . . . mukana wangu mukuru, kekutanga, ndinotenda, sekuziva kwangu, kusangana nemi. Zvino uyu ndiye mwana wenyu. Zita rake ndiani? [Hanzvadzi Wheeler vanoti, "Carlena Rebecca."—Mupepeti] Carlena Rebecca. Zvakanaka, musikana mudiki akanaka sei, akanaka zvekunaka zviya. Zvino, Carlena Rebecca Wheeler mudiki.

11 Hama Wheeler mumwe wemadhikoni edu pano muchechi, uye Mwari vakaropafadza muchato wavo, nemudiki uyu. Ndinotenda mune, vangaita, ndinoziva, vamwe vasikana vaviri, hamuna here? [Hama Wheeler vanoti, "Vatatu."—Mupepeti] Vamwe vasikana vatatu. Madzimai akanaka chaizvo, sekunzwisisa kwangu, uye saka ndinonamata kuti Mwari vachaita Rebecca ave sevamwe vose. Maona? Uye zvadaro zvichava kugutsikana kunemi mose, hazvidaro here? Ndizvozvo, nekuti vana vanotapira kwazvo.

12 Handizivi kana akanditendera kuti ndimubate kana kuti kwete, asi, kana akasadaro, tichaturika maoko paari. Ungada here kuuya kuno kwandiri, Rebecca? Unoda kuti ndikubate? Zvakanaka kwazvo. Musikana mudiki akaisvonaka kwazvo!

Zvino ngatikotamisei misoro yedu.

13 Baba veKudenga vane nyasha, takamira pano pamberi pemudhikoni uyu, manheru ano; uye zvirokwazvo ihofisi yakanaka kwazvo yaanayo, nekuti mudhikoni anofanira kuwanikwa asina chaanopomerwa, murume wemudzimai mumwe chete, achitungamira mhuri yake zvakanaka. Nekuti, kana asingazive kutungamira mhuri yake, ko anogona sei kutungamira imba yaMwari? Uye tinoKutendai kuti hama iyi yakava nezvinokodzeresa izvi, uye tinowana mavari Mweya waMwari.

14 Uye vanounza zvino mwanasikana wavo mudiki pano, kuti akumikidzwe. Makamuisa mumaoko avo kuti vamurere. Mwari, uye tinotenda sei, kuti tinogona kuti, chishuvo chavo ndechekuti ave sevamwe vakoma vake. Zviitei, Baba, kuti zvigova saizvozvo. Uye mwana ngaararame ne—nekuva mushandiri mukuru kwaMuri, Baba. Uye zvino, muZita raJesu Kristu, tinopa mwana mucheche uyu kwaMuri kuhupenyu hwekushumira. Muitei kuti ave nehutano, akasimba; dai ararama hupenyu hwakareba, kusvikira Jesu achiuya, kana zvichikwanisika. Uye zvakare, Baba, tinotenda kuti achakudzwa mukuraira kwaKristu. Uye tinopa hupenyu hwake kwaMuri, kuitira hupenyu hwekushumira. Ameni.

15 Mwari vakuropafadze, Rebecca. Uye Mwari vakuropafadzei, Hama Wheeler naHanzvadzi Wheeler. Ishe ave nemi.

16 Wakadini? Zvino heuno mumwe musikana mudiki ane kunyemwerera kwakakura kwazvo pachiso chake. Uye zita rake ndiani? [Amai vanoti, "Rhonda Renee Coats."—Mupepeti] Rhonda Renee Coats, ndizvozvo here? Mune hukama here naJesse navamwe, Jesse Coats? ["Kwete."] Ndangofunga . . . Ndaiziva vamwe vekwaCoats muno muguta. Ndainyatsovaziva chaizvo, uye vaive—vaive shamwari dzangu kwe—kwenguva refu.

17 Rhonda, Rhonda Renee. Hamheno kana ungauyawo kwandiri, Rhonda? Ndicha—ndichakudzosera kuna amai vako, mushure mekukupa kuna Ishe Jesu. Zvino, haatapire here!

Zvino ngatikotamisei misoro yedu.

18 Baba veKudenga, apo mukuru ari weNyu neni takamira pamwe chete manheru ano, mukubvumirana uye mukuwirirana muVhangeri, amai ava vanounza mudiki uyu Rhonda Renee KwaMuri kuti akumikidzwe. Makamuisa mumaoko avo, kuti achengetwe, zvino chinhu chekutanga chavanogona kuita kumudzorera zvakare kwaMuri. Sekutaura kwaJobho wakare, Ishe vanopa zvinhu izvi. Uye tinonamata, Mwari, kuti Muchamuchengeta akachengeteka kusvikira panguva yaMuchazotora. Uye, Mwari, itai kuti ararame hupenyu chaihwo hweChikristu uye ave muenzaniso kune vamwe, paanokura. Ropafadzai musha wake, uye ngaukumikidzwe kwaMuri,

kukushumirai zvizere, nemoyo yechokwadi. Uye zvino, Mwari, tinopa kwaMuri Rhonda Renee Coats mudiki, nemuZita raJesu Kristu, kuhupenyu hwekushumira. Ameni.

Anotapira chaizvo! Mwari vakuropafadzei, hanzvadzi.

19 Makadini! [Hanzvadzi inoti, "Robert Paul Schamel."—Mupepeti] Robert Paul Shane? ["Schamel."] Schamel.

20 Saka, ko kana . . . Zvino unenge uchiri wechidiki, Handifungi kuti unokwanisa kuita gakava rakanyanya nazvo. Usandiseka kudaro. Tarisa pano, kana uchida chimwe chinhu chekuseka. Robert Paul, izita rakanaka sei!

Ngatikotamisei misoro yedu.

21 Mwari, apo musikana mudiki uyu achiuya pano; chete, kwatiri, anongove mwana. Uye ari kupa mukomana wake mudiki, Oo Mwari, sehupenyu hwekushumira kwaMuri. Muchero uye nechibereko chekubatanidzwa kwavo. Ndinonamata, Mwari, apo mukuru ari weNyu neni tichiturika maoko pane muchinda mudiki uyu, kuti hupenyu hwake hukumikidzwe kwaMuri. Itai, Ishe, kana paine ramangwana, dai akatakura Mharidzo iyo vabereki vake—vake vari kuteerera, Mwari. Zviitei. Uye ndinonamata kuti Mucharopafadza misha yavo, uye dai mwana akudzwa mukuraira kwaMwari, uye ave mudzidzi weNyu ane ru—rudo. Tinomupa kwaMuri nemuZita raJesu Kristu. Ameni.

22 Zvakanaka, a—anongori mukomana mumwe akanaka. Ndizvo zvoga. Hongu, changamire. Haukwanisi kukumbira chero chinhu chinotapira kupfuura apa, ungadaro here? Hapana chinhu munyika chingapfuurira pakutapira, ndizvozvo, pane muchinda mudiki uyo. Kungonyemwerera kwega! Handi kutapira ikoko? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti]

23 Ndiyo nguva imwe chete mudzimai wangu anochiva basa rangu, kubata vana vacheche ivavo. Anoda kuvabata. Uye neni ndinovadawo, zvakare, asi ndinogara ndichitya kuti ndinozovatyora. Vakanyanya, munoziva, vanoyevedza kwazvo uye vanotaridzika sevasina kusimba, asi, munoziva, vaka—vakagwinya chaizvo kupfuura zvatingava.

24 Zvino, ndakuudzai kuti ndanga ndiri kuzobuda . . . Saka, ndinongova nemaminitsi makumi matatu nemashanu. Ndiri kuzofanira kukurumidza, handingadaro here? Regai tione. Ini—ini—ini handirevi ku—kuona chero chimwe chinhu zvisizvo, kana kutaura chero chinhu zvisizvo, asi ndichaedza zvakaoma chaizvo, nekuti . . . Munoziva, mushure mekunge taenda mberi ne—nemugwagwa, hati—hatichagona kungoshenaira-shenaira sezvataimbove, munoziva. Mamaera acho dzimwe nguva anomboomarara, uye shumiro mbiri kana nhatu pazuva, nhai . . .

25 Uye chinoita chikamu chikuru chacho, zviratidzo izvozvo. Kuparidza hakundikuvadze. Ini zvangu, ndinogona kumira pano zuva rese, hazvindinetse, asi ini . . . Asi zviratidzo izvozvo chete, uye neapo vanhu vari munhaurirano dzebvunzurudzo idzi, ndizvo zvavanofanira kuwana. Maona? Ndizvo zvavauyira pano. Chimwe chinhu chisingagoni kugadziriswa nekungoisa maoko chete. Zvinofanira kuzivikanwa mudzi wacho, matangiro azvo, chii chakazvikonzeresa, chii chakazviita, uye zvakare zvekuita kubuda mazviri. Ndizvo zvavauyira pano.

26 Zvino, musangano unotanga, kuswera mangwana manheru . . . kana, kwete, ndiregerereiwo, Chitatu manheru, kuShreveport, Louisiana. Uye kana chero vamwe wenyu vaine shamwari dziri munharaunda ikoko, nhai, vaudzei kuti vauye. Life Tabhenakeri, ndinofunga, ndiko kwa—kwaunotangira, kunze kwekunge waenda mhiri muodhitoriyamu, kana vakagona kuiwana, izvo zvinovapa nzvimbo yekugara yakati wedzerwei. Asi vane bharikoni repamusoro, nenzvimbo huru yepasi, pozoita nzvimbo iri pasi payo. Saka, handizivi chaizvo kuti vangani vavanogona kuti vagare, asi iri . . . Kana zvikanyanyisa kushata, pamwe tinogona kuwana odhitoriyamu inongori mhiri kwayo, iyo inozo . . . Handizivi kuti inogara vangani, naiyowo. Ndakave neshumiro ipapo, asi handicharangarire. Iyi ikonivhenisheni ye—yegore negore.

27 Makore matatu akapfuura ndaive zasi ikoko, zvino takatanga rumutsiriro, muZita raShe, uye harwuna kumbopera, kubvira ipapo. Rwuri kungoramba rwuchienderera mberi, nguva dzose; mazuva ose, vanhu vachiuya, vachiponeswa, vachibhabhatidzwa, uye vachipfuurira mberi naShe saizvozvo, vashumiri nevose vachipinda mukati chaimo. Zvino tinongo . . . Chero bedzi zvichiramba zvakadaro, uye ndikasvika pakugara kuno, ini ndinoda kukushanyira nguva dzose, uye ndongoisa mashoko angu mashoma ndo—ndopfuurira mberi.

28 Zvino, iyo ichatanga Chitatu, uye ichipera Svondo. Kudya kwemangwanani kweChristian Business Men kuri . . . Handi . . . ndakanganwa zita rehotera iyoyo . . . Ndinotenda kuti ndeiyo . . . inonzi . . . Ivo, vachakuudzai pamunosvika ikoko. Kudya kwemangwanani kwavana muzvinabhizimu.

29 Takava nenguva yakanaka ikoko, kunemi varume vemabhizimu pano, nguva yekupedzisira ikoko. Ishe vakaponesa ra—rabhi, anobva muguta. Uye, oo, handizive zvose zvakatora nzvimbo. Yakanga iri nguva huru munaShe, ikoko, kuparidza nezveSungano yeRopa. Saka isu . . . Ndizvo zvinozivikanwa nemaJudha; iropa. “Pasina kudeurwa kweropa, hapana kuregererwa,” munoona.

30 Zvino ngatinangei kuShoko chaiko, uye ndichaita nepandinogona napo kuchengeta shoko rangu kwamuri.

31 Uye zvino, kana Ishe vachitendera zvino, Svondo mushure meKisimusi, kana muri pazororo renyu uye muchityaira henyu muri muno, kusiri kutsvedza nezvose, handiti, muri—muri pedyo pano padhuze, ko, huyai. Uye tiri kutarisira kuve neshumiro pano Svondo mangwanani, ye—ye—yeSvondo mushure meKisimusi. Musi upi zvino? [Mumwe munhu anoti, "Wemakumi maviri nemapfumbamwe."—Mupepeti] Makumi maviri nemapfumbamwe, zuva remakumi maviri nemapfumbamwe, uye ndiyo Svondo mushure meKisimusi, zuva remakumi maviri nemapfumbamwe. Zvino, kana chero chimwe chinhu chikaitika icho isu, chimwe chinhu, isu hatizo, uye tisingagone kuva pano . . . Hatizivi nezve ramangwana, munoziva. Asi kana chero chinhu chikaitika, handiti, imi vanogara kunze kweguta, vanopinda pano, sevanhu vanobva zasi kuMemphis . . .

32 Ndaida kunzwa Hama Ungren vachiimba *Muri Mukuru*. Uye handi . . . Vari pano here manheru ano?

33 Uye, saka, uye ndinogara ndine zvinhu zvakawanda kwazvo, handikwanise kuzviita zvese, handikwanise kuzviita zvese. Mwari vakuropafadzei, imi vanhu.

34 Zvino ngativhurei Magwaro zvino kuitira kuverengwa kweRugwaro zvi—zvishoma chete. Apo, kana mashoko angu akakundika, iRi haridaro. Uyezve Mwari vachakuropafadzai nekugara, nekuda kwekungoteerera kuShoko raVo. "Kutenda kunouya nekunzwa, kunzwa Shoko raMwari." Ndizvozvo here? Zvino pandanga ndichifunga . . . Pamuri, kuvhura kuna Mutsvene Johane chitsauko 6, kutanga nendima 60, uye tichiverenga yechi 71, kusanganisira nemamwe ose. Mutsvene Johane 6:60.

35 Zvino ndanga ndichifunga, pandanga ndakatarisa kunze nepahwindo nguva pfupi yapfuura, uye ndichitarisa kuvira kwezuva nekuona kuti zvisikwa zvese zvine murairo. Zvino kana nguva yechando yasvika, murairo, pakarepo wega, wemasikirwe, unomhanyisa muto wemuti mumidzi yemuti. Unoviga.

36 Sezvakataurwa naJobho, "Oo, dai Mandiviga muguva, kuti Mundichengete munzvimbo yakavanda kusvikira hasha dzeNyu dzapfuura." Uye zvino, ndizvozvo, "Kana Mungandiviga!" Munoona, akaona zvi—zvisikwa, muti, hupenyu huchidzika zasi mumidzi; Hama Way. "Uye ikoko hwonogarako kusvikira hasha dzapfuura, uye mozondidaidza monditemera nguva." Maona?

37 Zvisikwa zvine murairo. Pane murairo wezvisikwa; hapana nzira zvachose yekuunzvenga. Murairo wezvisikwa. Uyezve pane murairo wemweya; hapanawo, zvakare, imwe nzira yekuunzvenga.

38 Ndanga ndichitaura kune vaviri masikati ano, pamusoro pekuti, haugone kutsakatisa chero chinhu zvachose. Vanhu havagone kutsakatisa. Vanogona kubvarura-bvarura, asi

kwete kutsakatisa. Zvino mumwe munhu akati, "Saka, ko kutora nekupisa chidimbu chebepa, zvinoritsakatisa here?" Kwete, changamire. Zvinongogura-gura mishonga yacho ichipatsanurana, nekupisa kwemoto. Rinodzokera kuva magasi, kwazvaive pamavambo. Haugone kutsakatisa. Uye kana nyika ikaramba yakamira kwenguva yakareba, magasi mamwe chete iwayo, iwo ne—nemishonga yaive mubepa iroro, zvinogona kuzodzoka kuva chimedu chebepa zvakare. Ndizvozvo chaizvo. Haugone kutsakatisa. Chaizvoizvo.

39 Mwari, kumashure. Kana paine rumuko kune zvinhu zvese, zvichidzoka zvakare, uye pasina kutsakatiswa, pane rumuko rwevakarurama, hongu, uye tinofanira kudzoka. Ndizvo zvoga zviripo kwazviri. Hakuna nzira zvachose yekuita nayo. Hazvina mhosva kana ukapiswa, kana ukanyudzwa, chero kupi kwazvinoitika, havagone kutsakatisa.

40 Chingorangarira kuti nhengo yako yose yaive pano, Mwari pavakataura nyika kuti ivepo. Vakaisa muviri wako pano ipapo chaipo. Uye hapana chinogona kuubvisa kunze kwaMwari. Zvose zvadzokera mumaoko aVo zvakare. Maona? Uye Ndivo Avo, Avo vacho, Musiki, ndivo Avo Vakaita vimbiso, saka tine chokwadi chekuti pane Hupenyu hwemuna Ziyendanakuenda. Uye tine gutsikano mumoyo yedu zvino, kuti zvino tine Hupenyu Husingaperi, Hupenyu hwemuna Ziyendanakuenda husingagone kufa, matiri zvino. Zvakanaka.

41 Mutsvene Johane 6. Ngatitangei zvino nechitsauko 6 chaMutsvene Johane, uye tichitanga nendima 60.

> *Zvino vazhinji vevadzidzi vake, vakati* vachinzwa*, vachizvinzwa izvi, vakati, Iri shoko igukutu; ndianiko angarinzwa?*
>
> Ipapo *Jesu achiziva*. . . pachake *kuti vadzidzi vake vanogunun'una* nazvo*,* zvino *akati kwavari,* Izvi zvinokugumburai *kanhi*?
>
> *Ko*. . . *kana* mukaona *Mwanakomana wemunhu achikwira* kumusoro *kwaaiva pakutanga?*
>
> Ndiwo—ndiwo *here*. . . *mweya* unomutsa*;* uye *nyama haibatsiri chinhu: mashoko* andinotaura *kwamuri,* iwo *mweya* (ndiYe), uye *nohupenyu.* (Ko Akati kudini? "Ndini Zvokwadi, Hupenyu.") . . . iwo *mweya,* . . . iwo *nohupenyu.*
>
> *Asi* pane *vamwe venyu vasingatendi. Nekuti Jesu waiziva kubva pakutanga kuti vaisatenda ndivanaani, uye kuti ndiani* waizomutengesa.
>
> Zvino *akati, Nemhaka iyi* ndakataura *kwamuri, kuti hakuna munhu* anogona kuuya *kwandiri,* kunze kwekunge zvakapihwa kwaari *naBaba* vangu.

Zvino *kubva panguva iyoyo vadzidzi vake vazhinji vakadzokera shure, vakasazofambazve naye.* ("Shoko gukutu," munoona, akatadza kuritambira.)

Zvino *Jesu wakati kune vanegumi nevaviri, Nemi muchaendawo here?*

Zvino *Simoni Petro akamupindura akati, Ishe, tichagoenda kuna aniko?* nekuti *ndimi mune mashoko ehupenyu husingaperi.*

Uye *isu* tinotenda kuti *uye tine chokwadi kuti ndimi Kristu* wacho, *Mwanakomana waMwari mupenyu.* (Ini zvangu!)

*Jesu aka*mu*pindura* akati, *Handina* kukusarudzai *imi vanegumi navaviri here, asi umwe wenyu* ndid*hiyabhore?*

Waireva *Judhasi Isikarioti mwanakomana waSimoni: nekuti iye ndiye waizomutengesa, ari mumwe wevanegumi navaviri.*

42 Zvino, kana ndingadaidza chidzidzo ichi manheru ano, ndoedza nepandinogona napo kuti hafu yeawa iya igova nechainoreva, Ndinoda kutaura pamusoro pe: *Mhando Nhatu Dzevatendi.*

43 Uye ndakagara ndichiita chitaurwa. Uye ndokufunga, "Saka, ndichangotenda kuti ndichaparidza pachiri imwe nguva, masikati ano." Ndafunga izvozvo.

44 Vekutanga vatendi, vatendi vekabanga, uye nevasingatendi. Zvino, ichocho ndechimwe chi—chi—chidzidzo chakadzama. Asi, chokwadi sekugara kwatakaita pano manheru ano, boka iroro rinogara rakaungana pamwe chete. Chero kupi kunoungana vanhu, tinowana boka iri, uye takagara tichiawana, uye pamwe ticharamba tiinavo kusvikira paKuuya kwaShe. Zvino ndinoda kuti isu, manheru ano, tizvioone pachedu, apo pandinotaura pamusoro pemapoka matatu aya, uye tigoona kuti tiri muboka ripi.

45 Zvino rangarirai, ndiri kutaura pano pamwe kune . . . Chechi ino, yakazara zvakare manheru ano, kwese kwakatenderera, uye nemadziro nemakoridho, asi ndiri kutaurawo pasi rose. Maona? Munzvimbo dzese dzakasiyana-siyana dzepasi rose, matepi aya anotenderera kuburikidza, neshumiro dzematepi.

46 Zvino ndinoda kutaura nezvemhando nhatu dzakasiyana dzevatendi zvino. Zvino rangarirai, *vatendi*, chidzidzo changu ndechekuti *vatendi*. Mumwe wavo mutendi wechokwadi, uye anotevera ndiye mutendi wekabanga, uye anotevera ndiye uyo asingatendi. Maona?

47 Zvino, boka rekutanga ratiri kuda kutaura nezvaro, ndiye mutendi. Nekuti, ndinofunga anofanirwa kuve wekutanga, nekuti ndiye anotenda zvechokwadi, zvino, anotenda

sekutenda kwakaita vadzidzi pano. Tiri kuzoshandisa Gwaro raverengwa iri semuenzaniso. Zvino, vekutanga vatendi, vatendi vechokwadi. "Uye kutenda kunouya nekunzwa, kunzwa Shoko raMwari," Shoko raMwari, rinova Kristu. Munoona, vatendi!

48 Zvino, macherechedza here chitaurwa chino chikuru chakaitwa nemutendi uyu? Zvino, mutendi haasungirwe kunge ari munhu akangwara nenzira yenyika yekuva wakangwara. Haasungirwe kunge ari munhu akadzidza nenzira iyo vanhu ava yavanoedza ku—kutaura kuti unofanira kunge uri; asi hausungirwe. Iwe. . . Murume uyu akaita chitaurwa ichi, Bhaibheri pachezvaRo rakati aive zvese "asingazive" uye "asina kudzidza." Petro, aisava chaizvoizvo munhu ainzi akatesva njere.

49 Muna Isaya 35, inoti, "Pachava nemugwagwa mukuru, nenzira, uye uchadanwa kuti, 'Nzira yehutsvene.' Vakasviba havangatongopfuuri nepairi."

50 Ndanga ndichitaura nemumwe wemadhikoni masikati ano, apo tanga tichitaura pamusoro pemazambuko anobva kune rimwe divi achinobata rimwe divi, uye neiri idzva. Ndati, "Kune mazambuko akawanda anodarika nepamusoro pedzimvura, madoro nhasi." Uye ndikati, "Asi kune rimwe zambuko guru rinobva pasi kusvika kune muKubwinya, rinonzi, 'Mugwagwa mukuru waMambo.' Vakasviba havatongopfuuri nepauri." Ndizvozvo chaizvo. Inzi—nzira yakavakwa naKristu Ishe wedu, zambuko rakavakwa richibva panyika ino richienda kune imwe Nyika, uye vasina kuchena havapfuure nepariri.

51 Petro, munhu uyu asina kudzidza, we. . . amire pedyo, paakaona Shoko rezuva rakasimbiswa zvizere, iro rakavimbiswa naMwari muzuva iroro kuti kuchave neMumwe achasimuka achange ari Mu—Muporofita pakati pavo. Zvino Simoni akange akaoma kuti azvitende, nekuti paiva nekutevedzera kwakawanda kwaRiri. Asi paakaona Shoko rechokwadi, rakabhedhenurwa rezera iroro, uye nekuMunzwa achinyatsoMuzivisa, a—akagutsikana zvirokwazvo kuti Aive Ani. Zvino ndiye aive uyo, akati, "Ishe, tingaenda kunaani?" pazvakabvunzwa kwaari.

52 Apo mho—mhomho yevanhu yanga ichipatsanurana, pakati pevatendi, nevasingatendi, nevatendi vekabanga, pakanga paine vatatu vavo vakamira ipapo chaipo mune boka rimwe chete revanhu iroro; vatendi, vatendi vekabanga, nevasingatendi, vanowanikwa muchitsauko chino pano chaipo. Uye nekuti Jesu akange ataura Mashoko nenzira yaAkaita, zvakapatsanura ungano yaKe. Asi zvinofanira kuitwa.

53 Akanga ari munhu mukuru chero bedzi Aipodza vanorwara, asi pazvakadzika kusvika paDzidziso nechiporofita, ndizvo zvakapatsanura chi—chikwande kubva pane gorosi. Maona? Chikwande chinongoputira gorosi chete. Hachisi gorosi.

Hachigoni kushandiswa. Hamuna chinhu machiri. Hamuna Hupenyu machiri. Chikwande, uye hachigone kugara negorosi. Hachizove mugari wenhaka pamwe negorosi. Uye saka chine . . . Mbeu chete ndiyo yatiri kutaura nezvayo, moyo wetsanga yegorosi.

54 Zvino cherechedzai, Petro akanga akagutsikana kuti Aive ari Mesiya. Zvino, hazvina mutsauko wazvakaita zvakataurwa nevamwe vese. Hazvina nemutsauko wazvakaita zvakataurwa nevaprisita. Hazvina kuita basa kuna Simoni Petro zvakataurwa nechechi. Akanga akagutsikana, pachake.

55 Jesu akamuudza, pane imwe nzvimbo yaAkabvunza kuti, "Ko vanhu vanoti Ndiri ani?"

56 "Zvino vamwe vakati Muri 'muporofita,' uye vamwe vakati Muri 'mumwe wevaporofita vakare akamutswa,' uye—uye Muri 'Mosesi,' kana 'Eria,' kana mumwe munhu."

Akati, "Ndabvunza *iwe*. Ko unofungei?"

57 Zvino Petro akati, "Ndimi Kristu, Mwanakomana waMwari mupenyu."

58 Akati, "Wakaropafadzwa iwe, mwanakomana waJonasi; Simoni, mwanakomana waJonasi; nekuti nyama neropa hazvina kumbozarura izvi kwauri. Hauna kumbozvidzidza kubva mubhuku, kana kubva muchitendwa, kana kubva mukatekazi. Iwe . . . Baba vaNgu, vari Kudenga, vazarura izvi kwauri." Heunoi mutendi wechokwadi; chizaruro chemweya cheShoko. Maona? Uye pamus- . . . "Ndiwe Simoni, zvino pamusoro pedombo iri, rechizaruro chako chekuti Ndiri Ani, Ndichavaka Chechi yaNgu, uye masuwo egehena haangaIkundi." Maona?

Ndosaka Simoni akati, "Tingaenda kunaaniko?"

Jesu akatendeuka akati, "Imi munoda kuendawo here?"

59 Zvino ivo vakati, "Ishe, ndekuna aniko isu, ko tingaenda kupi? Nekuti, Imi moga mune Mashoko eHupenyu. Ndimi Moga."

60 Nekuti, Aive asina Mashoko eHupenyu chete, Aive Shoko reHupenyu. Munoona, Aive Shoko reHupenyu, uye Simoni akanyatsozviziva izvi. Uye paakazviziva, ndizvo zvakaramba zvakachengetedza kubatirira kwake, nekuti zvakazarurwa kwaari kuti Aiva Shoko iroro rinorarama.

61 Zvino, ndiye mutendi wechokwadi, apo Mweya Mutsvene; kwete mumwe anogombedzerwa nemumwewo munhu, kwete nechimwewo chinhu. Asi kana Mweya Mutsvene wazarura kwauri Shoko pachaRo, uye woona Shoko raiswa pachena, rasimbiswa; zvino Mweya waMwari unouya wopinda muzera iroro, kuitira Shoko rezera iroro, uye woRiita kuti riratidzwe.

62 Ko munhu aigona sei kuramba kutenda Luther kana aiziva izvozvo? Luther aive muvandudzi. Mweya wemunhu wakaenda

mberi kuti uvandudze. Wesley, nenzira imwe cheteyo. Vaifanira kuzvitenda. Munoona, ndiyo yaive—ndiyo yaive mharidzo kuzera rechechi. Ndizvo chaizvo zvakaitika. Ndizvo zvaifanira kutora nzvimbo. Waifanira kuzvitenda.

63 Uye hepano patiri, zvichidzika zasi kuZera reRaodhikia. Uye tinodzidziswa, muZera reRaodhikia, kuti Kristu akadzingirwa kunze kwechechi yaKe; uye ainge achitogogodza pamusuwo, achiedza kupinda mukati. Saka patinoona izvozvo zvichiitika, tinoziva kuti izera ripi ratiri kurarama mariri.

64 Uye, zvakare, tave pakuvharwa kwenhoroondo yenyika. Bhuku rave kupedziswa zvino. Mutsara wekupedzisira uchazonyorwa pariri rimwe zuva, zvino richavharwa, ipapo nguva haizovapo.

65 Zvino pane mutambo mukuru uri kugadzirwa. Uye Ngirozi dzakamira pamusoro pematenga, dzakatarisa. Munoziva kuti mutambo chii. Vatambi vagadzirira. Unogona kuvaona vachitamba mumutambo.

66 Unogona kuona uyo wakaipa achitamba mumutambo. Unogona kuona uyo wakaipa ari mumutambo, mauyiro aanoita pachiitiko nehuchenjeri hwake, kuzonyengera.

67 Asi unogona zvakare kuona Chechi yakabvutwa ichiZvigadzirira. Chiitiko chikuru. Unogona kuona Hupo hwaMwari huchisimbisa nekuita mutambo mukuru wakafanotaurwa pano muBhaibheri rino, kuti uzviite mumutambo pachawo. Inguva yakadii yekurarama, nguva inonyanyisa kubwinya kwazvo! Vanhu vemazera ese vakashuvira nguva ino. Vaporofita vekare vakashuvira kuona nguva ino, asi havana kuwana mukana wacho.

68 Zvino, hepanoi paiva nemutendi. Nokuti, akazviona. Akazvitenda. "Takagutsikana zvizere kuti ndiMi Kristu, Mesiya, Shoko raMwari rezuva rino, uye tinozvitenda." Munoona, akanga ari mutendi wechokwadi.

69 Ngatingotorei vamwe vatendi vashoma, nekukurumidza chaiko, tisati taenda kune munhu anotevera. Ngatitorei muporofita, Nowa. Apo iye, pamwe ari murimi, pamwe aiva mumazuva iwayo, murimi. Asi apo vaseki nevanamati vezuva iroro . . . Chechi yakanga yasvika pakaderera, uye Mwari vakataura naNowa, ndokuudza Noa kuti aifanira kuvaka areka. Nowa haana kumboita nharo nazvo naMwari. AkaRitenda, kuti Rakanga riri Shoko raMwari, ndokuenda kunoshanda nekukurumidza chaiko achigadzirira zvinhu.

70 Ndiye mutendi chaiye. Haaite gakava nezvazvo. Kana wagutsikana zvizere, ndizvo zvoga. Sezvakangoita chero ani zvake, chero kutenda hako, chero nzira hayo. "Kutenda kunouya nekunzwa." Kana uchikwanisa kumira pano, zvisinei kuti chiremba anoti chii chisina kumira zvakanaka newe! Apo, munhu wacho akupa kuongororwa kwenyaya yacho, uye pamwe

achiziva zvaari kutaura nezvazvo, zvichienderana nekutenderwa kwake nemichina neruzivo kuti azive, asi anoti hapana chasara kunze kwerufu. Asi, unonamata, zvino wakamira mberi uko mune ramangwana unogona kuona murume kana mudzimai mutano akamira ipapo. Hongu, ndizvozvo. Uye ndizvozvo chete. Unozonyatsofamba uchipinda mazviri zvingori zvemazvirokwazvo zvachose, nekuti unozvitenda. Mwari vazvitaura. Unoziva kuti ndizvozvo.

71 Semudzimai mudiki akakosora kenza, munoona. Pakanga pasina kupokana mupfungwa dzake, kuti zvakanga zviri kuzoitika. Kenza yakanga yafa, uye ikange ichisina kubatirira, zvino ndokubva yabva ikaenda. Maona? Ndizvozvo. Munozvitenda.

72 Sababa vaya vaunza mukomana wavo mudiki, nguva yadarika, mukati imomo. Zvino vari pano muchivakwa pane imwe nzvimbo zvino. Mukomana mudiki aive adonha, uye akarasikirwa nendangariro yake. Aisakwanisa kurangarira chero chinhu chipi zvacho. Munguva pfupi, mushure memunamato, ndamubvunza zita rake. Andiudza, uye kuti aiva nemakore mangani okuberekwa, zvino hapo paaiva akangofanana nechero mukomana upi zvake. Maona? Vanotenda. Zvino kana Mwari vataura chero chinhu, chinofanirwa kuve saizvozvo.

Zvino Nowa akatenda Mwari, uye Nowa akaonekwa semutendi.

73 Dhanieri, apo chechi yaive muhutapwa zasi muBhabhironi, Dhanieri akatenda Mwari. Uye zvisinei nekuti vakataura zvakawanda sei, "Tichapa chiziviso chakakosha. Havazonamate kune mumwe mwari kunze kwemupunzo uyu kunze uko," wemurume mutsvene uyu, kana chero zvaungava. Dhanieri haana kuzviteerera. Akanga anzwa Mwari, nekuti aive muporofita, uye Shoko rakauya kwaari. Zvino pakakumikidzwa temberi, zvakanzi, "Kana paine chero munhu upi zvake ari mudambudziko mune imwe nyika, zvino akatarisa neche kuno akananga kunzvimbo tsvene, uye onamata, zvino inzwai kubva Kudenga." Zvino Dhanieri akatenda Mwari. Aive mutendi wechokwadi, uye kunyangwe shumba hadzina kukwanisa kumudya. Uye ndizvozvo, munoona, aive mutendi. Aive nechimwe chinhu chemazvirokwazvo uye chechokwadi. Akanga ari mutendi.

Dhavhidhi, mumwe mutendi, kamukomana kadiki kamurambiwa.

74 Dhanieri haana kubatana nechechi yechimanjemanje, kanawo Nowa haana kutora nzvimbo nechechi yechimanjemanje. Kwete zvachose. Vaiva vatendi mune zvakataurwa naMwari kuti iChokwadi. Zvisinei kuti nyika

yechimanjemanje yakati kudii, vaitenda zvakataurwa naMwari kuti iChokwadi. Ndivo vatendi vechokwadi.

75 Sezvakangoitwa naPetro, nevaapostora, vakatenda kuti Aive neShoko reHupenyu uye aive Shoko reHupenyu. Ndinotenda chinhu chimwe chete nhasi. Uye chimwe chinhu chese chinoRipikisa chinopesana, hachisi, icho rufu. *Iri* roga ndiro Shoko reHupenyu, uye Kristu ndiye Shoko.

76 Zvino, Dhavhidhi, muchinda mutsvuku. Nzvimbo yekutanga, pamwe aidhererwa nevakoma vake, nekuti aive muchinda mudiki. Akanga asina kukura zvakakwana kuti atakure nhumbi dzokurwa nadzo. Aisakwanisa kuenda kuhondo, uye aiva mudiki kwazvo uye akatsonga. Asi, zvakadaro, akaenda kunze ikoko, semutendi.

77 Zvino paainge akagara mugwenga (achitarisa ma—makwai mashomanana aaiva apihwa nababa vake kuti aatarire, nechimvii, munyika maive mune shumba nezvitsere nemhumhi, nezvimwe zvakadaro), Dhavhidhi akatanga kutarisa pamafuro ane bvute akasvibirira, uye achiziva zvazvaireva kumakwai kudzika zasi kumumvuri iwoyo, nekurara pasi mukupisa kwezuva; akaziva zvaireva mvura yakanaka, inotonhorera, sezvaakataura, "Senondo inotakwairira hova yemvura, mweya wangu une nyota yenyu Imi, O Mwari." Maona? Akange achema, akanamata.

78 Zvino rimwe zuva zvine chimbichimbi dambudziko rakasimuka, shumba yakabata rimwe remakwai ake, ndokutiza. Akafunga, "Mwari akandigadzira mukuru kupfuura shumba!" Maona? Zvino akatora chimvii ndokurovera shumba pasi, nedombo diki muchimvii. Zvino, kana paine chero munhu akamboona shumba, imwe yeshumba dzemuAfrica, shumba hombe dzine zenze muhuro idzo dzavainadzo ikoko kuParastina nekuAsia, vanoziva kuti mumwe wemachinda aya aive akaita sei. Apo, pfuti huru hombe ye three hundred magnum inotadza kuiwisira pasi, zvino iye akaiwisira pasi nedombo. Zvino shumba yacho payakamumukira, akaibata zvakasimba nepandebvu ndokuiuraya. Ndicho chikonzero aiziva zvaaitaura nezvazvo; akange ava nechiitiko. Akanga aisa Mwari pakuyedzwa, pamusoro peShoko raVo.

79 Uye a—akanga asingatyi Goriati, nekuti, aive asina kudzingiswa. Akange asiri mutendi, zvachose; uye Goriati paakabuda akamutuka muzita revanamwari vake.

80 Zvino Goriyati, ari mukuru zvakapetwa kakawanda kudarika zvaaiva; muchinda mukuru kwazvo, minwe ine mainji gumi nemana paari. Zvino, minwe yacho inenge yakareba *kudai*, munoona, minwe ine mainji gumi nemana, murwi. Uye pamwe jasi resimbi raaive akapfeka paari, pamwe rairema mapaundi mazana matatu, kana kudarika, munoona, raaive akapfeka paari. Ngowani, uye huru . . . pamwe simbi iri inji nehafu kukora.

Hofori huru yakakura zvakadaro, ichifamba ne—nemutanda wemugadziri wemachira unotaurwa kunzi ungangosvika mafiti makumi maviri. Aive nepfumo remafiti makumi maviri muruwoko rwake. Zvino ko chero munhu aizogona sei . . . Murume akadaro aigona kungomira nekusimudza varume gumi nevaviri, ovakanda *sekudai,* pavaiuya. Kupikiswa kwakadii!

81 Zvino hapo paaiva, akamira ipapo, achizvitutumadza, achivhaira. Apo . . . zvichiita sepasina kana mukana, munoona, akati, "Regai . . . Musave neropa rinodeurwa." Akati, "Regai—regai mumwe murume auye kuzondirwisa, uyewo kana ndikakunda, ipapo imi mese munozongondishandira; uyewo kana—kana—kana mukakunda, ipapo tinozokushandirai." Munoona, kana dhiyabhore achifunga kuti awana mukana pauri, munoona, ndipo paanofarira kuzvirumbidza. Asi akasangana nemurume asiri iye. Akasangana nemurume mudukusa munyika, mudiki, muchinda ane mapendekete akakombama, anotaridzika kuva mutsvuku.

82 Akati, "Munorevesa here kundiudza kuti imi, ho—hondo yaMwari mupenyu, ichamira ipapo yorega muFiristia uyo asina kudzingiswa achizvidza hondo yaMwari mupenyu?" Handiti, akashamiswa kwazvo nazvo! Sei? Sei? Akanga ari mutendi. Vamwe vacho vaive vatendi vekabanga. Maona? Munoona, aive mutendi wechokwadi. Akati, "Kana muchitya, ndichaenda kunomurwisa." Maona? Kupikisa kwakadii kwemuchinda mudiki akadaro! Zvino saka aiva mutendi, uye akaita chaizvoizvo zvaaiziva kuti Mwari vaizoita. Ndiye . . .

83 Zvino muFiristia uya asina kudzingiswa paakamutuka nezita revanamwari vake, akati, "Ndiri imbwa here ini; kamwana kadukusa kanouya zvakadaro? Nhai," akati, "Ndichakusimudza nepakaperera pfumo rangu, uye ndichakurembedza kumusoro uko mumuti ndorega shiri kuti dzidye nyama yako." Oo, ini zvangu! Oo, aive muchinda akashata zvakadii!

84 Dhavhidhi akati, "Unosangana neni nemunondo nepfumo, nenhumbi dzokurwa nadzo. Unosangana neni muzita remuFiristia. Asi, ndinosangana newe ndisina munondo kana pfumo, nhumbi dzokurwa nadzo, asi ndinosangana newe muZita raJehovha Mwari weIsraeri."

85 Hezvoka izvo. Ndiye mutendi. Ndiyo nhare yake. Ndiyo nhoo yake. Ndiyo dziviriro yake. Ameni! Ndiyo inofanira kuva dziviriro yeChechi. Chero mutendi, Ndiyo dziviriro yake. Hazvina mhosva kuti chii chinoitika, zvinotaurwa nenyika, chero chimwe chinhu, dziviriro yako ndiJehovha Mwari waIsraeri. Ndizvozvo. "Zita raJesu Kristu inhare yakasimba kwazvo, vakarurama vanomhanyira mairi uye vakachengeteka." Ndiyo dziviriro yedu, ndiJesu Kristu.

86 Cherechedzai, uye pazvinoitika, tinoziva zvinenge zvaitika. Dhavhidhi, pasina pekurova kusara bedzi kwenzvimbo iyo imwe chete diki paakadzikisa pasi chifukidzo chake—chake—chake kumeso kwake. Nzvimbo imwe chete yekurova yaive pano chaipo pahuma yake. Zvino asati asvika kana chinhambwe zvacho kuho—hofori, Mwari vakatungamira pamunembo wekuuraya, zvino ndokuuraya hofori. Maona? Mwari vakazviita. Zvino, tinocherechedza kuti aive mutendi.

87 Zvino, mumwe mutendi aive Abrahama, uye aive ari . . . muKaradhiya weguta reUri. Zvino akadaidzwa kuti aite chimwe chinhu icho chaive . . . uye atende chimwe chinhu chaive chisingagoneki zvachose, panyama. "Asi haana kudzedzereka pavimbiso yaMwari kuburikidza nekusatenda," vaRoma 4 inoti, "asi akanga akasimba, achipa Mwari rumbidzo."

88 Zvino Abrahama paaiva nemakore makumi manomwe nemashanu okuberekwa, uye mudzimai wake makore makumi matanhatu nemashanu okuberekwa, uye vakanga vachigara vese kubvira vachiri vakomana vadiki. Aive hanzvadzi yake yekune vamwe amai; mukomana mudiki nemusikana mudiki. Uye zvaive kuti, vakanga vagara vese, vasina kana vana zvachose. Zvino Mwari vakaudza Abrahama, "Zvipatsanure kubva kune vasingatendi." Mwari vanogara vachidanira kubva, kune kupatsanurwa. "Zvipatsanure kubva kune vasingatendi uye ufambe neNi, uye Ndakuita baba vemarudzi mazhinji. Ndakatozviita kare."

89 Zvino Abrahama akazvitenda. Ndiye mutendi. "Muchazviita sei, Ishe?" haana kumbobvunza mubvunzo. Mwari vakati Vaizozviita, saka zvakatobva zvaringana.

90 Pakapfuura mwedzi wekutanga, uye Sara akanga achiri . . . Akanga apfuura nguva yekubereka. "Pane mutsauko here?"

"Hapana kana chinhu."

91 Asi Abrahama akaramba achizvitenda. Makore makumi maviri nemashanu akatevera, pakanga pasina mutsauko, asi Abrahama akaramba achizvitenda. Ndiye mutendi. Iyeye haasi mutendi wekabanga. Ndiye mutendi. Makore makumi maviri nemashanu akatevera, Abrahama aive akasimba kupfuura zvaaive pakutanga. "Akatenda Mwari, zvikanzi kwaari kururama." Nekuti aite- . . . Ndiye mutendi wechokwadi.

92 Zvino, mushure mechinguva ndichakuregai muchitsvaga uye muone kuti muri muboka ripi.

93 Zvino Abrahama akaitei? "Haana kudzedzereka pavimbiso yaMwari," zvisingagoneke.

94 Ko murume ane makore makumi manomwe nemashanu okuberekwa, aine mudzimai ane makore makumi matanhatu nemashanu okuberekwa, angaitei, kana vakaenda kuna chiremba vakati, "Tinoda kuita hurongwa, pachipatara. Tiri

kuzova nemwana"? Uye zvakare, kwapera makore makumi maviri nemashanu, ndokuti, "Chiremba, muchiri makachengeta chipatara chakavhurwa here?" Maona? Maona?

95 Zvinoita kuti uite zvinosetsa. Sarudzo dzako hadzinzwisisike, kunyika. Asi mutendi, zvisinei nokuti zvinoita sezvisinganzwisisike sei. Bhaibheri rakataura, kuti, "Akanga akagutsikana zvizere kuti Mwari vaikwanisa kuita izvo zvaVakati Vaizoita."

96 Ndiyo inofanira kuva iri budiriro yemutendi wese masikati ano. Mwari vanokwanisa kuchengeta Shoko rega-rega raVakati Vaizoita. Handina basa nezvinotaurwa nemasangano, mashoko, "Zuva reminana rakapfuura, uye zvese izvi kuverenga pfungwa nezvese, ndezvekuuka. Zviri . . ." Hazvina basa kwandiri zvavanotaura. Ndinoramba ndichitenda. Kana pfuti iyoyo ikanyatsonangiswa kune chiri kuda kupfuurwa, inorova chipfuro. Uye ndinotenda kuti kana mutendi akanyatsonangiswa neShoko raMwari, zvinorova chinhu chimwe chete. Kana Shoko raMwari rakambozvivimbisa, richazviita zvakare. Ndine kugutsikana kuzere nazvo. Kuti, apo patinoona kuti tiri muzera rino apo pazvinofanirwa kunge zviri pano, zvinofanirwa kunge zviri pano. Zvinhu izvi zvinofanirwa kuitika.

97 Ndicho chikonzero ndichitenda kuti kana Mwenga iwoyo wakadaidzwa nekusarudzwa, uye wakaiswa muBhuku reHupenyu, pachauya ruzha kubva Kudenga rwuchatora rubhapatidzo rwakakura rweMweya Mutsvene muMwenga iwoyo rwuchaMutora kubva panyika, munyasha dzeKubvutwa. Mwari vakazvivimbisa. Hazvina basa kuti isainzi ngani, uye kuti vangani avo vanotyaira zvitundumuseremusere vavakasainisa, nezvimwe zvese, uye kuti mamirioni mangani emamaera avanogona kuona; Handina kana nebasa nazvo. Kune Denga, uye kuna Jesu Kristu chaiye-chaiye Ikoko achauya ari muchimiro chemutumbi kuti agamuchire Chechi yaKe kwaAri. Zvisinei kuti nyaya yacho inoita seyakare zvakadii, ichiri Chokwadi. Mwari vakataura kudaro. Ndizvo—ndizvo zvinotendwa nevatendi.

98 Mwari vakati, "Ndini Ishe vanopodza zvirwere zvenyu zvese. Ndiri Mwari uye haNdishanduke." Ameni! Uye Mwari iShoko. Zvino kana Mwari vasingashanduki, ko Shoko rinozoshanduka sei? Maona? "Ndiri Mwari, uye haNdishanduke." Magwaro anodaro. Mwari vakazvitaura, pachaVo. Uye kana Vasingagoni kushanduka, saka iVo iShoko. "Pakutanga kwaiva neShoko, zvino Shoko rakange riri kuna Mwari, uye Shoko rakange riri Mwari." Shoko risingashanduki! "Zvino Shoko rakaitwa nyama, rikagara pakati pedu." Ameni! Hongu, changamire.

99 Mwari vakasimudza mitumbi, kwese zvichidzika zasi; Mosesi, naEzekieri, naJeremia, naIsaya, naEria, navose zvichidzika zasi, apo Shoko raVo rakauya kwechinguva. Asi

Shoko rakazara rakaratidzwa muMurume uyu Jesu Kristu. Uyo, Aive Mwari mu—Mwari muhuzaro weHumwari mumutumbi. Ipapo Akaitwa nyama. Ndinozvitenda izvozvo, Shoko rose.

Jobho, mumwe mutendi.

100 Dzimwe nguva, vatendi vanoiswa pakuedzwa. Kwete dzimwe nguva; nguva dzese! "Nekuti mwanakomana wese anouya kuna Mwari anofanira kurangwa, kuyedzwa, kudzidziswa semwana." Rangarirai, miedzo, nzira dzine guruva, zuva rinopisa rekutambudzwa, asi kuvimbika kwemoyo wako kunorova zvinogadziriswa izvozvo kusvikira zvagadzirira kunopinda muforoma. Vana vaMwari vakagadzirwa nenzira kwayo paShoko raVo, nekuti ivo mienzaniso inorarama, uye Shoko raMwari richirarama nemavari. Maona? Muyedzo unouya kuzokuzunguza, kukuisa pasi-pasi chaipo, kuti uone paumire. Vakaedza, kuedza mwanakomana wese anouya kuna Mwari.

101 Jobho akapfuura nemumiyedzo nekuyedzwa. Vana vake vakatorwa; zvimwe zvese zvakatorwa. Nhengo dzechechi dzakauya, dzikamupomera kuva mutadzi wepachivande, uye vakaedza kutaura zvese zvinopikisana naye, asi zvakadaro haana kuteerera kune chimwe chazvo. Akaziva kuti aive aita zvinodiwa naMwari. Akaziva kuti hapana chikonzero chaSatani chekuedza kumuedza. Akaziva kuti aive dhiyabhore. Zvino chero bedzi Satani aigona kumuita kuti atende kuti hurwere hwake hwaiva Mwari vake vaizviita, aiita kuti Jobho akundwe. Asi Jobho paakabata chizaruro ichocho kamwe chete, kuti vaive vasiri Mwari! Aingopfuura chete nemumiyedzo yake kuti amuite chimwe chinhu. Vakanga vasiri Mwari vaizviita. Aive Satani aizviita.

102 Uye chinhu chimwe chetecho nhasi. Achaedza kukuudza kuti miedzo iyi nechinhu ndiMwari vako vari kuedza kuisa murango pamusoro pako. Hazvina kudaro. Kwete, changamire. NdiSatani ari kuzviita, uye Mwari vachizvitendera, kukudzikamisa; kuita kuti uone kana waka—wakasungirirwa kune nyika ino, nehanyn'a dzenyika, kana kuti pfuma yako iri Kudenga. "Nekuti chero papi pane pfuma yako, ndipo pauriwo zvakare." Ndizvozvo. Moyo wako uri pane pfuma yako.

103 Jobho, achiyedzwa, zvakadaro akati, "Ndinoziva kuti Mudzikinuri wangu anorarama; pamazuva ekupedzisira Achamira panyika. Kunyangwe mushure mekunge honye dzemunyama yangu dzaparadza muviri wangu . . . "

104 Mazvicherechedza here? Honye dzemunyama dzakanga dzitove dziri maari. Honye dzako dzemunyama dziri mauri. Uri mubhokisi rakanamwa risina kana mweya mukati maro, kana nenzira ipi zvayo, asi honye dzemunyama dzagara dzichingovapo. Dziri mukati mako chaimo, uye dzakagadzirira kudaidzwa kubasa chero nguva. Rangarirai Kesari, akawora mumugwagwa chaimo. Honye dzemunyama dzakamudya,

mumugwagwa chaimo, honye dzake dzemunyama chaidzo. Dzirimo imomo, dzakagadzirira.

105 "Kunyangwe mushure mekunge honye dzemunyama yangu dzaparadza mutumbi uyu, asi munyama yangu ndichaona Mwari." Ameni! Haugone kuutsakatisa. Kunyangwe honye dzemunyama dzikaudya, zvakadaro iwo uchadzoka zvakare. "Uyo wandichazvionera pachangu. Meso angu achaona, kwete mumwe." Akazvitaura, Jobho. Sei? Akanga ari mutendi. Mumiyedzo aive mutendi. Mukutambudzwa, aiva mutendi. Aiva mutendi wechokwadi.

106 Josefa, mumwe mutendi, hapana zvaaigona kuita kuti ave zvaakanga ari. Aiva muporofita. Mwari vakamuita muprofita. Akanga asingadi kusiyana nevakoma vake, asi aive akasiyana. Mwari vakamuita izvo zvaari. Hapana mumwe munhu aigona kutora nzvimbo yake.

107 Hapana munhu anogona kutora nzvimbo yako, zvisinei nokuti idiki sei. Unoti, "Ndingori mudzimai wemumba." Hapana munhu anogona kutora nzvimbo yako. Mwari, muhupfumi hwaVo hukuru, vakazvigadza saizvozvo, Mutumbi waKristu, muhurongwa, kusvikira hapana anokwanisa kutora nzvimbo yako. Ndingade sei kutora nzvimbo yaBilly Graham, chero mumwe wedu vashumiri, asi hatikwanise kuzviita; asi, chingorangarirai, Billy haakwanise kutora nzvimbo yedu. Munoona, tese tine nzvimbo, vamwe vedu tiri vavhangeri, vamwe vaporofita, vamwe vadzidzisi, vamwe vafundisi, chero zvatiri; vamwe madzimai emumba, vamwe vanamakanika, vamwe varimi, chero zvazvingava, Mwari vakakugadzai munzvimbo dzenyu. Maona?

108 Josefa aiva muporofita. Haana zvaaigona kuzvibatsira nazvo nekuda kwekuti aikwanisa kududzira hope. Haana zvaikwanisa kuzvibatsira nekuda kwekuti aiona zviratidzo. Tarisai kuti aiva wechokwadi sei. Kunyangwe zvakamutorera kuyanana kwake nevakoma vake, aive wechokwadi, nekuti aitenda hope idzodzo. Akatenda kuti, hope yaakaita, kuti ivo vese vaizomupfugamira, zvisote zvaizodaro. Zvakaitika nekuti akazvitenda. Aive mutendi wechokwadi. Sei . . .

109 Ndine maminitsi mashanu; nemapeji gumi, cherechedzai zvino, cherechedzai, eRugwaro rwakanyorwa pano. Mudzimai . . .

110 Natanaeri, aiva mutendi. Ndizvozvo here? Natanaeri, paakaona zvakaitika; zvino zvakamubata, kuti Jesu akamuudza kuti aiva ani, uye akati aiva mu—"muIsraeri wechokwadi," uye makanga "musina nduru" maari, ndokumuudza kwaaive zuro wacho, "achinamata pasi pemuti." Akamuona pa—paakadanwa naFiripi. Akanga ari mutendi.

111 Paive nevazhinji vakamira ipapo, vakati, "Uyu mweya wadhiyabhore. Dhiyabhore anoita zvekupodza kwaMwari."

Dhiyabhore uya wakare haasati afa nanhasi. Vanotenda kuti dhiyabhore anoita zvekupodza kwaMwari.

112 Jesu akati, "Kana Satani achikwanisa kudzinga Satani, saka humambo hwake hwakapatsanuka, uye humambo haukwanise kumira." Maona? Satani akadaro, mune . . . Haagoni kuzviita. Saka, Satani haagoni kudzinga Satani.

113 Saka Natanaeri aive mutendi. Zvino paakaona Shoko raitwa nyama, zvakasimbisa kuti aiva mutendi, akati, "Ndimi . . . Rabhi, Ndimi Kristu. Ndimi Mambo weIsraeri." Akazvitenda.

114 Mudzimai patsime paakazviona, akazvitenda. Iye mutendi.

Apo Bhartimeo bofu . . . Pakauya mumwe mudzimai . . .

115 Munhu wese aichema, achingoenderera. Vamwe vavo vachiti, "Pane vazere . . . Ndinonzwa kuti Unomutsa vakafa. Kune nzvimbo yemakuva izere navo kumusoro kuno; huyako uvamutse. Ngatikuone Uchizviita." Munoona, dhiyabhore mumwe chete iyeye akati, "Kana Uri Mwanakomana waMwari, raira matombo aya kuti ashandurwe kuva chingwa." Mumwe chete iyeye akaisa chidhende kumeso kwake, akaMurova mumusoro, akati . . . vakatambidzana chimuti, mumwe kune mumwe, vakati, "Zvino, kana Ukatitaurira kuti ndiani aKurova, tinoKutenda." Masoja iwayo, munoona, vachiMuseka. Zvaitaridzika kunge mamiriro ezvinhu akanga akaoma, kwaAri.

116 Asi chingorangarirai, Mwari vanogara vari panzvimbo. Maona? Vari ipapo chaipo vakagadzirira, chero nguva.

117 Zvino Jesu akati, "Ndaigona kutaura kuna Baba vaNgu uye nekukurumidza VaizoNditumira zviuru gumi nezviviri zvemapoka eNgirozi." Oo, ko Ngirozi imwe chete yaizoitei? Maona? Asi, munoona, asi Vaigona kutumira mapoka zviuru gumi nezviviri pakungoraira kwaVo. Asi Aiva nebasa rekuita. Aiva nechimwe chinhu chekuita. Aifanira kupfuura nemazviri.

118 Une chimwe chinhu chekuita. Mwari vane chimwe chinhu chekuti uite. Unogona kunge uine marwadzo emumoyo uye nemamwe matambudziko, unogona kunge uine zvimwe zvinoodza moyo, asi tinonamata here kuti tizvidzivise? Kwete. "Ishe, nditorei mundipfuudze nemazviri, chero zvazviri. Chero zvazviri, musandirega ndichizvipunyuka. Kana zvakagadzirirwa ini, ingondipai nyasha dzekuti ndipfuure nemo. Ndizvo zvega."

119 Zvino cherechedzai, Bhartimeo bofu, aiziva, kuti vakaudzwa, "Uyu ndiye Muporofita uya weGarirea. Ndiye Mwanakomana waDhavhidhi. Tinozvitenda." Vamwe vevatendi vanofanira kunge vakamuudza izvozvo. "Isu vatendi tinoziva kuti Ndiye . . . Mwanakomana uya waDhavhidhi."

120 Uye akaziva, kana Aiva, Aiva Shoko. Zvino kana akaziva kuti Akanga ari Shoko, akaziva kuti Aigona kunzvera mifungo yemoyo, saka akadanidzira, "Iwe Mwanakomana waDhavhidhi,

ndinzwireiwo ngoni." Vasingatendi vaishevedzera *izvi,* ne*izvo,* nhengo dzechechi. Izvozvo hazvina kumisa Bhartimeo bofu zvachose. Akati, "Oo Jesu, Iwe Mwanakomana waDhavhidhi, ndinzwirewo ngoni!"

121 Zvichida haAna kukwanisa kumunzwa. Asi Akaziva kuti aidanidzira, zvino Akamira ndokucheuka. Hapo paiva nemutendi. Akati, "Kutenda kwako kwakuponesa." Ameni.

122 Akazvitaura kumukadzi aiva nedambudziko rekubuda ropa, chinhu chimwe chete, "Kutenda kwako."

123 Nekuti, akati mumoyo make, "Kana ndikakwanisa kubata nguwo yaKe, ndichapodzwa."

"Kutenda kwako kwakuponesa." Munoona, aiva mutendi.

124 Ndicho chinhu chimwe chete chakaponesa William Dauch, akagara apo, rimwe zuva, aine dambudziko rekukundika kwemoyo, pamwe nekusashanda kwemoyo, murume ane makore makumi mapfumbamwe nerimwe ekuberekwa. "Kutenda kwako kwakuponesa." Sei? Mutendi.

125 Mufundisi Tom Kidd pano, vave kutopinda mune avo. . . potse, ndinofungidzira, nechekumakore makumi mapfumbamwe zvino, ekuberekwa, pedyo nawo. Uye pavakange vaine makore makumi manomwe nemapfumbamwe ekuberekwa, vakavaendesa kuchipatara vaine kenza yeprostate. Chiremba anoti, "Havasisina mukana."

126 Asi patakapinda mangwanani iwayo, tikaona mutana mudiki vaine shawuru pamafudzi avo, vakagara ipapo, vachirova mudonzvo mudiki, vakange vava pedyo nokurasika njere. Vakati kune mumwe mudzimai achembera aive akagara ipapo, vakamudaidza kuti mbuya; vakamuziva, imwe yenhengo dzavo yemakore. Vakati, "Munotaridzika kuchena sechando," zvaidarika mafungiro epfungwa dzavo.

127 Zvakadaro, Simba raMwari parakapinda mukamuri, vapenyu nhasi manheru ano. Aiva makore mana apfuura. Murume angangoita makore makumi masere ekuberekwa, zvino hapo paagere manheru ano, akagwinya zvizere uye ari mutano, kubva kukenza. Munoona, kwete mutendi wekabanga; mutendi! Ndizvozvo, tenda! Anotora Mwari paShoko raVo.

128 Zvakangofanana nezvaive Bhartimeo bofu. Bofu, asi zvakadaro aiziva, kana akagona kukwezva meso aJesu Kristu, aizowana zvaaida.

129 Mudzimai akaziva, kana aizogona kubata nguvo yaKe, aizowana zvaaida—aizowana zvaaida.

130 Tom akaziva. Aive nekutenda, kana dai ndaimunamatira, aizowana zvaaida.

131 Hakusi kutenda kumwe chete here ikoko uko Marita akati, "Kunyangwe zvino, Ishe, chero chipi zvacho chaMunokumbira

kuna Mwari, Mwari vachaKuitirai; hanzvadzi yangu yakarara uko, yakafa, mazuva mana iri muguva; asi Imi ingokumbirai Mwari, uye Mwari vachaKuitirai"?

Akati, "Hanzvadzi yako ichamuka zvakare."

132 Uye akati, "Hongu, Ishe, mumazuva ekupedzisira, parumuko, achamuka. Aive mukomana akanaka."

Akati, "Asi ndiNi rumuko irworwo neHupenyu!"

"Hongu, Ishe, ndinozvitenda izvozvo, zvakare."

"Makamuviga kupi?" Ndizvozvo. Zvatopera. Hongu, changamire.

133 Mambokadzi weZasi ndokuuya muchizvarwa ichocho chevasingatendi, ndizvozvo, ndokumira ipapo akatenda zvaakaona kuva zviri zvaMwari. Bhaibheri rakati, "Achamuka nezuva rekupedzisira, nechizvarwa ichocho, achichipa mhosva, nekuti akabva kwakaperera nyika kuzonzwa huchenjeri hwaSoromoni."

134 Mosesi aiva mutendi. Kunyangwe akaedza nenjere, akange ayedza hurongwa hwese hwaaigona, asi zvakaramba kushanda. Akaedza kuburitsa Israeri kunze, achiziva kuti akadanirwa kuti azviite. Akaedza nenzira yemasvomhu. Akaedza nenzira yemauto. Akaedza nzira yedzidzo. Akaedza nzira yose, asi zvaisashanda. Asi akabva azotora nzira yaMwari.

135 Chii chakaitika? Paive neMoto pagwenzi kumusoro uko, rimwe zuva, waiva usingabvi. Kubva ipapo Shoko rakataura kwaari, rikati, "NDIRI." Kwete, "Ndaiva," kana, "Ndichava." "NDIRI." Uye Vachiri "NDIRI." Ndivo Shoko, Vekusingaperi, Shoko rekusingaperi.

136 Mosesi haana kupokana. Zvinetswa zvichipesana naye, zvisikwa zvese zvichipesana naye, zvinhu zvese zvichipesana naye. Asi, tsvimbo yakakombama iri muruoko rwake, akadzika zasi ndokutora nyika yose, akainyudza muGungwa Rakafa kunze uko, ndokutora Israeri kuenda kunyika yechipikirwa. Sei? Akatenda Mwari. Ndizvozvo. Aive ane . . .

137 Ndiye mutendi. Taigona kugara . . . Zvino ndagara hafu yeawa yangu pavatendi.

138 Ndine mamwe mapoka maviri. Tichakurumidza nawo, nekuti haana kukosha, zvakadaro. Kwete.

139 Zvino, chechipiri, heunoi asingatendi achiuya zvino. Ngatitaurei nezve asingatendi panotevera. Ko asingatendi anoitei?

140 Tinoona mutendi (chii?) anogamuchira Shoko; dzinza rose, chizvarwa chese, nenzira yose zvichibva nekuna Nowa, nenzira yose zvichikwira. Tinogona kutora mwedzi mitanhatu yerumutsiriro pane izvozvo chaizvo, tichiunza vanhu vacho. Vanotenda. Mutendi haabvunze. Mutendi anoZvitenda, zvisinei

nekuti Zvinonzwika sei kana kuti zvii zvingataurwa nemumwe munhu pamusoro paZvo, kuti zvinoita seZvisingagoneke sei.

141 Mutendi anoZvitenda, anotenda (chii?) Shoko. Kwete chitendwa; Shoko! Kwete sangano; Shoko! Kwete zvinotaurwa nemumwe munhu; zvinotaurwa neShoko! Zvino, rangarirai, ndiye mutendi. Mutendi haabvunze. Mutendi haati, "Ko zvingava sei? Kana ndikakwanisa kuti Zvitsanangurwe!" Ndiye asingatendi. Uh-huh. Mutendi, anoti, zvisinei nokuti Chii, "Kana Riri Shoko, IShoko! Ichokwadi." Ndiye mutendi.

142 Zvino asingatendi. Zvino tinoona zviri . . . Tichatora vasingatendi. Tinoona kuti vakaita zvakanaka chero bedzi vakabhabhadzirwa kumusana uye vakadaidzwa kuti vadzidzi. Chero bedzi (ivo) zvinhu zvese zvaifamba zvakanaka, vaive vakanaka. Asi Muporofita uyu wavakatenda kuti muporofita, uye vachiziva kuti aive, uyo aigona kupodza vanorwara, nezvimwe zvakadaro, chii chaAkaita? Apo Chokwadi chaicho nekutsiurwa pakwakauya, zvichipesana nezvavaitenda, vakatadza kutora Shoko.

143 Vaigona kutora minana, uye vakaiita. Vakabuda kunze ndokudzinga madhimoni, vakaparidza Shoko, uye vachiri vasingatendi. Mateo 10, Akavatuma kunze, vaviri-vaviri, vanemakumi manomwe, zvino vakadzinga madhimoni, zvekuti Jesu akafara, ndokuti, "Ndakaona Satani achidonha sechiedza kubva Kudenga." Munoona, vakadzinga madhimoni; Judhasi pamwe chete navo. Hevanoi vasingatendi vachiuya.

144 Asi Jesu paakangotanga kutaura kuti Akanga ari chimwe chinhu, kuti Aiva "rumuko," Akanga ari "Hupenyu." "Ko maizotaura kuti chii kana mukaona Mwanakomana wemunhu achikwira kumusoro uko kwaAkabva?"

145 "Zvino, Murume uyu ari kuedza kutaura kuti Akabva Kudenga, zvatinyanyira isu. Hatigoni kuZvitenda."

146 Akati, "Chii? Nyama yauri kutaura nezvayo, haibatsiri chinhu. Mweya ndiwo unomutsiridza."

147 Hezvoka izvo. Mweya unomutsa Shoko. Mweya, kwete chitendwa. Mweya, weMweya Mutsvene, unomutsira Shoko kwauri, uye rova benyu, zvino hezvoka izvo, unozviona. Nokutenda unozviona. Unoziva kuti ndizvo nekuti Shoko rakadaro, uye Mweya unomutsira Shoko kwauri. Hezvoka izvo.

148 Zvino Akati, "Chii chicha . . ." Patakangozviita, tinoona kuti, vasingatendi, paunotaura chimwe chinhu chavasingawirirani nacho, vanobva vabuda kunze vachienda. "Ini handingozviiti!" Oo, zvava kuwedzera zvakanyanya, munyika nhasi. Tanga uye wongotaura chimwe chinhu . . .

149 Vanoungana. Ndinocherechedza pamisangano vachaungana, mhomho huru, zvino unosimuka, wotanga kutaura chimwe chinhu. Zvino, chero bedzi . . . Vanongogara ipapo,

vakangotarisa, vakangomirira. Zvino paunongoti, "Zvino, Jesu Kristu akaZvizivisa saMesiya, nekuti Aive Muporofita," mukombe iwoyo watozara, hutu vaenda. Mumwe munhu . . . zvino hutu voenda. Chii? Vasingatendi!

150 Zvino unoti, "Muri kuita zvekufungidzira." Handisi. Ndiri kutaura chaizvoizvo zvinotaurwa neBhaibheri pano.

151 Vakanga vari vasingatendi, uye vakabuda kunze. Kunyangwe vaive vadzidzi, asi zva—zvaipesana neizvo . . . Vakati, "Izvi, ndiani angatenda chinhu Chakadaro?" Maona? Vaive vaFarise nevaSadhuse vakanga vauyako, vakajoina uye vakapinda pamwe naYe.

152 Nekuti, munoona, kana che—kana chemweya choratidzwa, chinoburitsa mhando nhatu dzakasiyana. Zvakaitika zasi kuEgipita. Zvakabereka asingatendi, mutendi, uye nemutendi wekabanga. Zvakaita mapoka ose matatu. Ndangonyora pasi pano, kusvikira tangatoenderera mberi nekufamba nemuhusiku, tichizvitsanangura, kuti zvakamira sei. Kwese-kwese, unozviwana, unovaona vatatu ivavo. Nguva dzose nenzira iyoyo, munoona, unovawana.

153 Zvino tarisai, vanemakumi manomwe ava, vakabuda nekuti Zvaisabvumirana nezvavaitenda kuti ndizvo.

154 Hatina pfungwa iri kuuya. Ndeizvo zvaVakataura! Iwe ramba kufunga kwako pachako. Iwe ingotaura zvaVanotaura. Ndiko kupupura chaiko. *Kupupura* kunoreva "kutaura chinhu chimwe chete." Kana ndikapupura kuti chimwe chinhu chakaitika, ndinotaura chinhu chimwe chete chakaitika. Ndizvo zviri kupupura kechokwadi. "Zvino ndiYe Muprisita Mukuru wekupupura kwedu." Maona? Kutaura chinhu chimwe chete chakataurwa naMwari, munoona, zvinozviita kuve zvechokwadi, nekuti uri kungodzokorora Shoko raMwari.

155 Zvino cherechedzai, vanemakumi manomwe vakabuda. Chii chavakaita? Zvino va—vakabuda nekungoda kwekuti—kuti havana kuwirirana. Huchenjeri hwavo—hwavo—hwavo, kubatana kwavo—kwavo kune chechi kwaive, kwakanga—kwakanga kwakanyanyisa. Zvakanga zvakanyanyisa kwavari kuti vafunge, kuti Murume uyu akamira apa, kuti . . . Vamwe vanhu vese vakatenda kuti Aiva akazvarwa zvisiri pamutemo. "Akange asina kodzero yekuZvidaidza kuti Mwari. Uye Aingovawo munhu." Akati, "HatiKutake nemabwe nekuda kwebasa rakanaka raUnoita, asi ti—tinoKutaka nemabwe nekuti Iwe, zvauri Munhu, unoZviita Mwari."

156 Zvino Shoko rakati Aiva Mwari. "Zita raKe richanzi 'Gurukota,' 'Muchinda weRugare,' 'Mwari Samasimba,' 'Baba Vokusingaperi.'" Magwaro avo chaiwo avakaverenga!

157 Uye zuva chairo ravaiimba Pisarema, Mapisarema 22, "Mwari wangu, Mwari wangu, MaNdisiireiko? Mapfupa aNgu ose anoNditarisa." "Hapana kana pfupa rimwe richatyoka."

Rwiyo chairwo rwavaidzokorora mutemberi, hapo Chibairo chakarembera chichidanidzira iwo mashoko chaiwo akataurwa naDhavhidhi mazana masere emakore kumashure, uye vakanyanyisa kupofomara kuti vazvione.

158 Uye, nhasi, Mwari chaivo vakataura nezvezera rino vari panzvimbo pano vachiita chaizvo zvaVakati Vaizoita, uye vakanyanyisa kupofomara kuti vazvione. Ndeavo vasingatendi. Vanobuda kunze vobva vati, "Oo, handikwanise kutenda zvinhu Zvakadaro. Handina kumbonzwa neZvakadaro muhupenyu hwangu!" Hazvina kana nemusiyano wazvinoita izvo zvawakanzwa. Bhaibheri rakati Zvaizove pano, uye iro iShoko raVo.

159 Vakanga vasati vambonzwa nezvaZvo, naivowo, asi Zvaive zviripo zvakangodaro. Maona? Ndizvozvo. Vakanga vari vaya vasingatendi.

160 Sezvaiva zvakaita Evha, ainamata zvakanyanya, hongu, saka, asi ha—haana kutenda Shoko rechokwadi. Uye aitofanira kuzvigadzirira chinamato, saka akagadzira mashizha emuonde, munoona, asi zvaisashanda. *Chinamato* chinoreva kuti "chifukidzo."

161 Kaini akaita zvimwe chetezvo. Kaini haana kukwanisa kutenda kuti Izvozvo zvaiva chokwadi. Akati, "Mwari vatsvene, Mwari vakachena, uye Mwari vakanaka. Saka ndichazviwanira maruva, uye ndichatora mamwe ma—maruva uye ndichagadzira artari yakanaka, huru, uye ndicha—ndicharatidza ruremekedzo rwangu kwaVari. Ndichasimuka pamberi payo, uye ndichapfugama pamberi paVo uye ndichinamata Mwari ivavo. Zvino ndichaisa maruva paartari, nekuti, munoziva, baba naamai vangu vakadya mamwe maapurosi, mumwe muchero, mubindu reEdheni, uye ndicho chinhu chakandiburitsa kunze. Uye saka, ndizvo, ndichadzokera, nekuti ndichaigadzira kuti inake. Mwari haVangarambi chechi yangu huru. Nhai, ndichave ndakakurisa kwazvo iri chechi huru! Ndichaiita kuti inake kwazvo zvokuti inozokwezva meso aMwari." Satani ndiye uyo anogara murunako. Ndizvo chaizvo zvinotaurwa neRugwaro.

162 Ndicho chikonzero, dzimwe nguva, mukadzi akanaka ari muteyo waSatani. Kana akangogona kumubata chete, anogona kuendesa varume vazhinji kugehena kupfuura zvaangagona kuita nemabhawa ose munyika. Ndizvozvo. Maona? Kana, akanaka pachiso, mumwe murume mukuru akanaka pachiso asinga—asingamiri mukuve kwake murume wechokwadi, munoona, zvakare, anogona kuvavheyesa vakadzi ivavo kuna dhiyabhore, nekuvaendesa kugehena. Hongu, changamire.

163 Tarisai, Satani anogara murunako. Chii chaakaedza kuita pakutanga? Kugadzira humambo hwakanaka kupfuura hwaMikaeri; akafamba ndokuenda kuChamhembe, ndokutora zvikamu zviviri kubva muzvitatu zveNgirozi pamwe chete naye.

164 Onai kuti aive mwanakomana waani—waani iyeye panguva iyoyo, aive nehunhu ihwohwo maari? Mwanakomana waSatani. Zvirokwazvo, akanga ari. Zvino akavaka artari, akapfugama uye akanamata. Akapfuura nemune zvese izvo (Kaini) zvakaitwa naAbheri.

165 Asi Abheri akaziva kuti zvaisava izvozvo. Iye . . . Raiva ropa rakavaburitsa. Akaziva kuti raiva iroro. Kwaiva kusangana pabonde, ropa. Saka akatora mhuka diki, ndokuibayira padombo, ndokucheka mutsipa wayo.

166 Cherechedzai Kaini, iye . . . Mwari vakamuudza, Vakati, "Ko wadini wanamata semunin'ina wako, uye uchaita zvakanaka. Uchaita zvakanaka kana ukadaro." Asi, kwete, aiziva zvakawandisa nezvazvo. Munoona, akaramba Shoko repamavambo, rakasimbiswa. Kana vasiri vana vake nhasi! Maona?

167 Zvino tarisai, "Mwari vakanga vapupura," Bhaibheri rakadaro. VaHebheru chitsauko 4, kana chitsauko 11, "Mwari vachipupura nezve chipo chaVo, kuti aive akarurama." Mwari vakasimbisa chipiriso chake. Mwari vakaratidza pachena kuti ndizvozvo zvaVakagamuchira; ndiro raiva Shoko raVo, hurongwa hwaVo.

168 Zvino Vakaudza Kaini, ndokuti, "Ita zvimwe chetezvo, uye urarame." Asi munofunga kuti aizodaro here, kuti aizorasa pfungwa yake? Kwete, changamire. Aive uyo asingatendi, zvino akanyatsofamba achibuda ndokuenda. Ndizvozvo. Kaini akaita zvimwe chete. Nimurodhi akaita zvimwe chete. Vasingatendi! Akanga asingatendi.

Bherteshazari, chinhu chimwe chete, kunyangwe, kana kuti . . .

169 Nebhukadhinezari, kunyangwe aiva naDhanieri samwari wake, akamutumidza kuti Bherteshazari, raiva zita rechimwari chake, akaona Dhanieri achiita mabasa makuru aMwari. Uye zvakare akazviziva kuti—kuti Bherteshazari aitenda, kana kuti Dhanieri aiva mwari, saka akamugadzirira chimupunzo, ndokuchiisa pamusoro kunze ikoko ndokuita kuti munhu wese achinamate, nezvimwe zvakadaro. Munoona, humambo hweMarudzi hunouya nekumanikidza kunamata chimupunzo chemunhu mutsvene, uye humambo hweMarudzi hunobuda nekumanikidzira mupunzo wemunhu mutsvene, munoona, nzira imwe cheteyo.

170 Zvino paive nechinyorwa pamadziro, chendimi dzisingazivikanwe, pakutanga kwehumambo hweMarudzi, dzekuti hakuna aigona kudziverenga kunze kwemuporofita iyeye. Zvino pane chinyorwa pamadziro nhasi, ndizvozvo, "Ikabhodhi," kuti kubwinya kwaMwari kwabva pazvinhu izvozvo. Uye chinyorwa chiri pamadziro uye chinogona

kuverengwa nepfungwa yemweya inotenda muzvinhu zvemweya, yakaberekwa neMweya waMwari.

171 Bherteshazari wakare anobuda kunotora midziyo iya yaShe, kuti anwire waini mairi. Sei? Aive uyo asingatendi. Akafunga kuti aiva mutendi, asi aiva uyo asingatendi. Munoona, ndizvozvo, haana kutenda Shoko.

172 Ahabhu, aive munhu asingatendi, kunyangwe iye—iye aiita sekunge asiri. Kwete, kwete, aive pakati pevatendi, asi aiva asingatendi. Akaitei? Akaroora mukadzi anonamata mifananidzo, uye ndokuunza, kunamata mifananidzo, muIsraeri chaimo. Aiva uyo asingatendi. Tinoziva izvozvo.

173 Vanoramba Shoko rose haro raMwari kuti ndere chokwadi. Asingatendi akadaro, munoona, zvino rangarirai, munyengeri. Uye ano—anoita saizvozvo, anoti anoRitenda, asi anoRiramba. Akati, "Saka, zvakawanda zvaRo zvakadai ndizvo zvakanaka." Asi kana zvose hazvo zvisina kunaka, zvino zvinomuita munhu asingatendi. Unofanira kutenda chidodzi chose nekavara koga-koga, nezvose zvakataurwa Imomo. Zvinofanira kuva zvechokwadi. Kana Zvisiri zvechokwadi, kana ukati zvino, "Handizvitendi Izvozvo," saka, zvadaro uri uyo asingatendi.

174 Pane muchinda akati kwandiri, imwe nguva, mu—mushumiri akati, "Handina basa, VaBranham, kuti vanhu vangani vamungaratidza avo va—vamakati vakapodzwa, handaizvitenda."

175 Ndikati, "Zvirokwazvo kwete, haugone kuzvitenda. Uri uyo asingatendi. Zvakanga zvisiri zvako. Ndezve vatendi chete."

176 Unofanira kuZvitenda. Maona? Zvino havaZvitendi. Saka ukaona munhu mune izvozvo, Pauro zvaakanyatsotaura nezve (muporofita), achitaura kuti ivo vachave "nemisoro mikukutu, vanokarira zvepamusoro, vanoda mafaro kupfuura kuda Mwari; vaine zvimiro zvehumwari, asi vachiramba Simba racho, Simba reShoko; furatirai vakadaro." Cherechedzai, vanoramba Shoko rose, asi muchimiro chose vanonamata. Havatendi muShoko rechokwadi, kunyangwe Rikasimbiswa.

177 Zvese kupfuura nemuzera rega-rega, Mwari vakasimbisa Shoko revanhu ava vandataura nezvavo, Nowa, uye zvichidzika nemuna Mosesi, nevaporofita vese, nevakadaro. Mwari vakataura kuburikidza nechemweya uye vakasimbisa Shoko, asi zvakadaro vanhu ivavo vakabuda kubva paRiri chaipo.

178 Zvino hevanoi vadzidzi ava vamire ipapo, vaya vanemakumi manomwe, zvino vachitarisa Jesu achiita zvinhu zvaAkaita, uye nekuziva Rugwaro, uye Iye achivaudza kuti ndiro raiva zera iro izvi zvaizoitika. Uye zvakare paAkataura chimwe chinhu, "Mwanakomana wemunhu! Mungati kudii?" PaAkatanga kuvaudza zvekumedura chingwa, nezvime zvakadaro, uye ndokuenderera mberi achivaudza pamusoro pezvinhu zvikuru, zvepamweya.

Zvino vakati, "Oo, Ichi chirevo chakaoma!"

179 Akati, "Chii chamuchazotaura zvino kana, Mwanakomana wemunhu, momuona Achikwira Kudenga kwaAkabva?" Akati, "Inyama here, kana kuti Mweya, unomutsa?" Maona?

180 Uye zvakare vakabva vachienda, vakati, "Oo, Izvo, kwete, handigoni kuzvitenda Izvozvo." Maona? Vakafamba vachibuda kunze chaiko, paShoko. Havatombogari kuti vaone zvinoitika. Ndiye uyo—ndiye uyo asingatendi.

181 Ivo, vanoitei zvino? Tinoona kuti ivo, kuti vanhu ava, vatendi ava, vanongonziwo vatendi, asi vari muzvimiro zvechinamato, uye vanotadza kuona Chokwadi chakaziviswa cheShoko raMwari nekuti Chinopesana nezvavanotenda. Maona?

182 Hazvina nemutsauko wazvinoita izvo zvaunotenda, kuti wakavimbika sei, kuti unonamata zvakadii, kana kuti, izvozvo hazvina kana nechinhu chimwe chekuita kwazviri. Kuperera, handiti, hazvinei nechekuita nazvo. Ndakaona vanhu vakaperera kwazvo! Ndakaona mahedheni vachipisa vana vavo, vachivapa sechikafu kumakarwe, vanaamai vane vacheche vavo. Zvinopfuura zvingaitwa neMukristu. Maona? Vanotenda zvakaperera, vakaperera, asi vainge vakaperera pane zvisiri izvo.

183 Vanhu vanoti, "Saka, chechi iyi yakamira!" Kuti, makaperera pane zvinhu zvisiri izvo, kana zvichipesana neShoko. "Saka, zvino tarisai, handitende muchinhu chakadaro!" Apo, Bhaibheri rakati Zvaive saizvozvo, hazvo! Maona? "Handitendi kuti tinofanira kuita *Izvi*." Handina basa nezvaunofunga kuti haufanire kuita. Mwari vakati zvinofanirwa kuitwa.

184 "Zviratidzo izvi zvichavatevera." Kusvika kupi? "Kunyika dzose." Ani? "Kune chisikwa choga-choga." Munoona, zvichaitika! Zvino, zvichave, zvichave zvakadaro!

185 Uye Mharidzo ino yenguva yatiri kunakidzwa nayo zvino, Hupo hwaMwari, zuva rekupedzisira, nguva yemanheru apo Zviedza zviri kupenya, uye nezvinhu zvakavhurwa, uye neShoko rakasimbiswa rikaratidza kuti iChokwadi; zvose zvakaporofitwa, zvichiitika, zvese kuburikidza nesainzi nezvinhu zvose, zvakaratidza kuti ndiYe, "Jesu Kristu mumwe chete zuro, nokusingaperi." Zvino, munhu akabva achisiya Izvozvo, iye—iye ndeuyo asingatendi. Haasisina tariro. Akaiswa chiveve nesimba raSatani, saka hapana tariro kwaari. Haasisina tariro.

186 Zvino ndiani iyeye? Mutendi; zvino asingatendi; zvino boka rechitatu, ratiri kutaura nezvaro, ndere mutendi wekabanga. Ndiye mukomana, mutendi wekabanga! Zvino, rangaririai, imomo makamira vose vatatu. Zvino, tinoona zvino, vanoita chaizvoizvo sezvinoitwa nababa vavo, Judhasi.

Paive naPetro nevamwe vaapostori, vatendi.

Paive nevane makumi manomwe, vasingatendi.

187 Uye hepanoi Judhasi, akaramba akabatirira, aiva mutendi wekabanga. Vanoitei? Ndiyo mhando inobatirira kusvikira vakwanisa kuwana chimwe chinhu, mhosho maZviri. Vari kutarisa nguva dzose kutsvaga pane chipomerwa, kuona kuti zvinoitwa sei, kuona kana zviri zvemasaramusi, kana kuti ndezve manomano. Vakamirira kuzozvitengesa zvizere. Vari kutsvaga izvozvo.

188 Asingatendi, haatombomiriri pedyo. Anenge atoZvipomera, uye atobuda.

189 Mutendi, zvisinei nokuti chii chinoitika, anoZvitenda, zvakadaro, nekuti IShoko.

Heanoi mapoka enyu matatu.

190 Asingatendi wekare anozobuda, pachinhu chekutanga chataurwa, chaasingadi pazviri. Hama, acharatidza mavara ake pakare ipapo. Haatendi. Pauro akati, "Vakabuda vachibva kwatiri, nekuti vaive vasiri vedu, pakutanga. Vakatanga nesu." "O, makamhanya zvakanaka; chii chakakudzivisai?" Mazviona here? "Vakabuda, nekuti vaive vasiri vedu." Pavanoona Shoko richifambira mberi zvakanaka, handiti, vaida kuwana imwe mhando yemanomano yavanogona kushanda. Maona?

191 Asi vatendi chaivo havabvunze chinhu. Zvakanyorwa muShoko, uye vanoZvitenda, uye vanongoenderera mberi. Ndizvozvo. Nguva dzose, zvakanyorwa. Kana zvisina kunyorwa, handiti, unongogara uri kure nazvo, zvisinei kuti chii chinoitika. Zvinofanira kunge zvakanyorwa. Maona? Uye vanoona Shoko iroro rakanyorwa uye vanoRitenda. Uye vanoona Mwari vachifamba muShoko raVo, voona nguva, Mharidzo, nguva, uye vanofamba naYo.

192 Sekutaura kwandaita mangwanani ano, Pirato wakare kuti akafamba-famba zvakadini mukamuri, husiku, nehana yake ichinetseka, achiedza kuzvichenesa. Zvino akati, ini zvangu, apo pasina kupokana husiku hwose akanga adana, akati, "nda—nda—nda—ndageza maoko angu, husiku hwese, uye nazvino handisi kugona kunzwisisa. Munoona, haana kuchena. Handikwanise kuenda kunosangana naYe; ndine Ropa pamaoko angu." Oo, ini zvangu! Munoona, usambove uine mhosva yakadaro. Maona?

193 Riri pamaoko ako. Pane nzira imwe chete yaunokwanisa kuRibvisa nayo; ndeyekuti, uRigamuchire, ndizvozvo, iva chikamu chaRo. Ndizvo zvaRakadeurirwa.

194 Zvino, mutendi wekabanga anongogarira pedyo achingova akazvityora nekukwanisa kwaangaita, asi pakadzika mumoyo make ari kuedza kutsvaga kuti izvo—izvo, iwe, unozviita sei. Oo, kana nyika isina kuzara nechikamu ichocho, chevanyengeri!

Hongu. NdiJudhasi. Ndizvozvo chaizvo. Anongogarira padhuze, ova chikamu cheboka; aive mubati wehomwe, munoona. Anomirira pedyo, anogara ruoko rwake rwakatambanukira mari. Unogona kuzviona izvozvo, chinhu chimwe chete, anogara achitsvaga mari, uye akaburitsa ruoko rwake kune izvi. Uye iye mutendi wekabanga. Anoita semutendi, asi pakadzika mumoyo make . . .

195 Rangarirai, akanga asiri kunyengedza Jesu. Mushure mekunge vanemakumi manomwe vaenda, uye vatendi vakaramba vamire; zvino Akatendeukira kune vatendi, Akati, "Pachine chimwe chinhu mamuri," nekuti akati, "Ndakasarudza gumi nevaviri, uye asi mumwe wenyu ndidhiyabhore." Jesu aiziva, kubva pakutanga, nekuti Aiva Shoko. Aiziva zvakavanzika zvemoyo.

196 Zvakanga zvakaoma sei! Mirai zvishoma. Fungai zvakadzika, zvakareba, zvakatwasuka! Zvinofanira kunge zvakaMuomera sei, achifamba ipapo chaipo, uye mumwe munhu achiMudaidza kuti, "Hama," uye achiziva nguva yose kuti ndiye akanga ari munyengeri akanga ari kuzoyedza kuMuvhiringidza, nekuMutengesa nemasirivheri makumi matatu. Zvainge zvakaoma sei kuzvichengeta muchipfuva maKe, uye shamwari yaKe ichifambawo iri pedyo. Kunyange Iye akati, "Shamwari," akadana Judhasi shamwari yaKe, "handina kuva newe here, nguva yese iyi?" Achiziva mumoyo maKe, uye asingakwanisi kuzvitaura. Akaziva, kubva pamavambo, kuti ndiani aizoMutengesa.

197 Pane mutendi uya wekabanga akangomirira. Anoimba izvozvo, oti, "Oo, ndinotenda *izvi,* uye ndinotenda *izvi,* uye ndinotenda *izvi.* Asi, oo, munoziva, ndakanzwa mumwe munhu achiti inguva *dzakati-ne-dzakati.*" Oo, munoona, kureba chete nenzeve.

198 Mutendi chaiye hapana chaanonzwa kunze kweShoko. Ndizvo zvoga. Anotarisa Shoko. Haasi kutsvaga pane kukanganisa. Haasi kutsvaga manomano. Anotenda Mwari, uye zvinobva zvatoringana, uye anongoramba achienderera mberi. Maona? Heunoi mutendi.

199 Asingatendi anodumbirwa muminiti, uye haagone kugara kuti aterere maminitsi gumi eMharidzo. Anofanira kuti asimuke uye obuda panze. Zvinopesana nechitendwa chake, uye haazombove nechekuita nazvo, saka anobuda panze.

200 Zvino, mutendi wekabanga anogarira mudhuze, Judhasi iyeye. Munoona, ndiye munyengeri. Ndiye—ndiye ndururani, kana ndichifanira kutaura shoko rakadaro. Judhasi, anogarira padhuze. Ino ndiyo nguva, dzimwe nguva, vatendi vekabanga ava vane mukurumbira kwazvo nevanhu. Ndizvozvo, vatendi vekabanga ava, munoona. Vamwe vavo varume mhare, vakadzidza, vane dhigirii rachiremba, muhoro mukuru, zvese.

Vamwe vavo varume vakuru, vakangwara, sezvingave zvakaita vanakomana vaSatani.

201 Tarisai kuti Satani akauya sei kumusoro ikoko chaiko ndokubvumirana nerimwe nerimwe reShoko iroro; akangomirira kuwana nzvimbo iyoyo ine hutera muna Evha, apo paaigona kuratidza simba rake rekumunyengera, kumutengesa. Akanga ari—akanga ari Satani. Zvino heunoi Satani pano, ari muchimiro chaJudhasi, muzera iroro. Aive Satani muzera rekutanga. Aive chii? Kubvumirana neShoko kusvikira pachinhu chimwe chete chidiki; ari kuedza kutsvaga nzvimbo yaanowana hutera.

202 Uye ndizvo chaizvo izvo Judhasi anowana iko zvino. Anouya pamwe chete achifambirana nemusangano, otarisa-tarisa kusvikira awana kanzvimbo kadiki ikako kekuti, iye, "Oo, hezvoka izvo! Ndizvozvo!" Maona? "Oo, ndiyo nzira yazvinoitwa nayo!" Maona? Ndizvo chaizvo-chaizvo.

203 Vazhinji venyu munorangarira kumusoro uko usiku uhwo apo murume uya akanyatsouya papuratifomu. Akafunga kuti paive nekuverenga pfungwa mukuverenga makadhi ekunamatirwa, uye paakafunga kuti awana pekuzvibatira ipapo. Hama, aiva—aiva nechokwadi chekuti azozvibata. Zvino akauya ipapo. Aiva nhengo yechechi isingatendi mune—mune—mune izvi, muVhangeri, Vhangeri rakazara. Zvino akauya papuratifomu. Ndakanga ndaneta. Vakanga vagadzirira kunditora ndichienda.

204 Kwaive kuWindsor, Ontario. Imomo, ndokuuya kubva chaiko kubva—kubva kuUnited States uko, uchidambura kubva kuDetroit, paWindsor, horo huru.

205 Zvino murume uyu akauya kumusoro ikoko akapfeka sutu pfumbu, netai tsvuku, murume airatidzika kuve akangwara, akachenjera zvekuchenjera zviya. Akauya papuratifomu. Zvino ini . . . Akafamba ndokuuyako. Zvino ndikati, "Zvakanaka, chingonditenderai kubata ruoko rwenyu." Ndakati, "Ndaneta; Ndaona zviratidzo zvakawanda kwazvo. Chingonditenderai ndibate ruoko rwenyu." Uye—uye handina kumbocherechedza murume wacho. Zvino akaisa ruoko rwake pane rwangu. Ndikati, "Changamire, hapana chakaipa pamuri. Pfuurirai mberi henyu."

Akati, "Oo, zviripo, zvakare."

206 Ndikati, "Zvakanaka, regai ndione apo." Ndikati, "Kwete, changamire, hapana kana chiratidzo chimwe chete. Kwete, changamire, muri murume ane hutano."

Akati, "Endai munotarisa kadhi rangu rekunamatirwa!"

207 Ndikati, "Handina basa nezvamaisa pakadhi renyu rekunamatirwa." Ndakati, "Handinei nechekuita nekadhi rekunamatirwa," ndisiri kufunga, muri kuona. Ndakanga

ndaneta uye ndarukutika. Uye ini zvangu . . . Asi nyasha dzaMwari, munoona, dzaive dzichiripo.

208 Rangarira kuti, kana Vakakutuma, mungava waVo kukuchengeta. Hausi wangu; ndewaVo. VakaZvituma. Ndinongofanirwa kumira pane zviri chokwadi.

209 Mosesi paakakanda tsvimbo yake pasi, yakashanduka kuita nyoka, uye n'anga dzakaita chinhu chimwe chete, chii chaigona kuitwa naMosesi kunze kwekumira ipapo omirira nyasha dzaMwari? Ndizvo zvoga. Chinhu chimwe chete. Akatevera mirairo. Uye munoziva zvakaitika, hamuzivi here? Maona?

210 Murume uyu akati, "Zvino," akati, "zviripo. Tarisai kadhi rangu rekunamatirwa."

211 Ndikati, "Zvakanaka, munogona kunge maita kutenda kwakawanda, uye kungadaro kuri kwazviita," ndisiri kufunga, munoona. Ndakaita . . . ndisingatombozviteereri.

212 Akabva asunungura mabhatani ebhatye rake ndokusimudza chipfuva chake. Akati, "Hezvoka izvo!" kuungano.

Zvino ndakafunga, "Chii chiri kuitika pano?"

213 Akacheuka-cheuka. Akati, "Hezvoka izvo!" Akati, "Munoona here manomano?" Ndiye Judhasi wenyu iyeye, murume anonamata, muparidzi wesangano guru. Akati, "Hezvoka izvo! Ndanga ndiine 'kutenda kwakanyanya.' Zvino, apera simba kwazvo, haachakwanisa kuverenga pfungwa. Munoona, hakuchauye kwaari zvakare." Uye ipapo akati, "Hakusi kuti kutenda kwangu kwanga kwakakura kwazvo." Akati, "Ndaisa izvo pakadhi rekunamatirwa, uye zvino haachakwanise kuzvibata, munoona." Akati, "Ndiwo manomano acho!"

214 Zvino ndakafunga, "Chii chiri kuitika?" Ndokubva nyasha dzaMwari dzadzika pasi.

215 Ndakati, "Changamire, sei dhiyabhore aisa mumoyo menyu kuedza kunyengedza Mwari?" Judhasi wechimanjemanje! Ndikati, "Uri wechurch of Christ . . ." Ndiregererei. Zvisinei, ndatozvitaura. "Uri muparidzi wechurch of Christ. Uri wechurch of Christ, kubva mhiri uko kuUnited States. Zvino murume uyo akagara apo akapfeka sutu yebhuruu, nemudzimai wako nemudzimai wake vagere apo, makagara patafura nezuro husiku yakanga iine chinhu chegirinhi pamusoro payo, cha—chakawaridzwa se*izvi*, uye makataura kuti uku kwaive 'kuverenga pfungwa,' uye maizouya manheru ano."

216 Murume iyeye akasimuka. Akati, "Ndicho chokwadi chakatendeka. Mwari, vandinzwirewo tsitsi!"

217 Ndakati, "Changamire, maisa 'TB nekenza' pakadhi iroro, uye zvino mave nazvo. Zvave zvenyu zvino."

Zvino akandibata pagumbo remudhebhe, akati, "Handina . . . "

218 Ndakati, "Handigoni kubatsira. Imi pfuurirai mberi. Zvave pakati penyu naMwari. Makanyora kuparara kwenyu pakadhi renyu chairo." Uye zvakamubata. Zvakanga zviri zvose izvozvo.

219 Munoona, vatendi vekabanga, vanyengeri, vachiedza kuwana imwe mhosho naMwari neShoko raVo. Ndivo vanaJudhasi. Ndivavo chaivo. Muri kuona kubuda kwakaita Judhasi? Muri kuona kubuda kwakaita muchinda iyeye here? Ndiyo nzira inoitwa nevatendi vekabanga. Munoona, vatendi vekabanga, oo, vakadzidza zvepamusoro, dzimwe nguva, uye mangange makuru anouya pakati peShoko nechitendwa chavo. Zvino, pazvinodaro, vanozvitengesa kusangano ravo sezvakangoita akafanoenda mberi kwavo, Judhasi. Judhasi akazvitengesa zvizere kusangano rake; akatengesa Jesu, Shoko, kusangano rake, ndokutengesa Jesu Kristu mushure mekunge azviti aive chikamu chaRo.

220 Vashumiri dzimwe nguva vachizviti varanda vaKristu, uye kana Shoko rakaratidzwa zvizere kuti rakasimbiswa kuzuva iroro, kuti iMharidzo yenguva, uye vachatengesa kunze ikoko kuti vawane mukurumbira, kusangano ravo; chaizvoizvo zvakaitwa naJudhasi, kutengesa Jesu kuvaFarise nevaSadhusi. Mweya iwoyo haufe, saka ipapo uri pakati pevatendi, vatendi vekabanga, nevasingatendi. Munoona, ndizvo chaizvoizvo, ndokunyatsouyako chaiko ndokutengesa Jesu nemasirivheri makumi matatu; uye varume vazhinji vachazviita nhasi nokuda kwemuhoro, kuti vawane rimwezve zana remadhora pasvondo; ndizvozvo, voramba Mwari vakamira pakati pavo, vakatenga hupenyu hwavo, uye neShoko rakazara.

221 Zvino vachati, "Oo, mazuva iwayo ezvishamiso akapfuura!" kana kuti, "Mwari havadi chinhu chakadaro nhasi." Maona? "Oo, ndinotenda muna Jesu Kristu, Mwanakomana waMwari! 'Kwaziwai Maria, amai vaMwari, makakomborerwa imi pakati pevakadzi!'" Zvimwe zvinhu zvese izvi zvavanotaura! Uye vamwe vavo vakati, "Ndinotenda muChitendero chevaApostora. Ndinotenda muna Mwari Baba, Samasimba, Musiki wedenga nenyika. Ndinotenda muchechi inoyera yeRoma Katorike, uye nezvinhu zvese izvi."

222 Ndiudzei apo muapostora akambova nechitendwa chakadai. Kana vaapositora vaive nechitendwa chimwe, chakanyorwa muna Mabasa 2:38, "Tendeukai mubhabhatidzwe, mumwe nemumwe wenyu, muZita raJesu Kristu, kuitira kuti muregererwe zvivi, uye muchagamuchira chipo cheMweya Mutsvene." Kana pangave nechero chitendwa kwavari, chaiva ichocho. Vakanga vasina chitendwa. Raive Shoko. Ichokwadi. Zvinoramba zvakadaro. Ndiwo mushonga wekurapa chirwere chechivi, "Uye muchagamuchira chipo cheMweya Mutsvene!

Tendeukai mubhabhatidzwe kuitira kuregererwa kwezvivi, munoona, uye muchagamuchira chipo cheMweya Mutsvene."

223 Asi vanotengesa, saJudhasi. Ndiye mutendi wekabanga. Vamwe vavo vanhu vane zvipo zvakakura. Uye mutendi wekabanga uyu, tarisai muchinda iyeye. Ndiye muchinda akangwarisa. Muchinda uyu mudiki anozara nekukurumidza, uye osvetuka nekumhanya panze, pane kashoko kadiki kese kaasingafariri, imi regai kutarisa kwaari; anongova asingatendi, pakutanga kwacho. Asi kana muchiona muchinda uyu, mutendi wekabanga, achigarira mudhuze, munoona, ndiye Judhasi. Ndiye wacho.

224 Sezvipo zvikuru. Ndichadana mazita pano. Izvo, chaizvo handifanire kuzviita, asi ndiri kuzovataura, zvakadaro, kuitira kuti mugozviziva. Sezvakaita, Elvis Presley, Red Foley, Ernie Ford, Pat Boone. Elvis Presley, muPentekosti; Pat Boone, wechurch of Christ; Red Foley, mudhikoni muchurch of Christ; uye ndinofunga Ernest Ford muMethodist. Uye vanhu vese avo vane zvipo izvozvo, vakangwara, vari kunze uko paterevhizheni. Uye vanhu vachiti, "Saka, havasi vanamati here? Vanoimba nziyo." Izvozvo hazvireve chinhu chimwe zvacho. Hongu, changamire. Vachinyengera nyika!

225 Chii chavanowana kubva mazviri? Judhasi akawana masirivheri makumi matatu. Elvis, rundaza rwemaCadillac, uye nezana, kana maviri, zana nemakumi mashanu emamiriyoni emadhora, kana miriyoni yemadhora pamarekodhi nezvimwe zvakadaro. Pat Boone nevamwe vese. Handina basa nekuti ndevechechi ipi, nezvose, hunyengeri. Kutenda kwekabanga. Kuratidzira. Kuti, hupenyu hwavo hunoratidza, kuti hazvina kunaka. Ndizvozvo.

226 Uye kune avo vane zvipo vanova varongi vakuru, huchenjeri hwenyika. Vanoparidza Vhangeri, vanozviti; varume vakangwara, vananyanjere. Teerera, murume akadzidziswa pabasa iroro, haasi muparidzi. Mudzidzisi wemuchikoro. Ndiro dambudziko nhasi, tine vadzidzisi.

227 Jesu haana kumboti, "Endai munodzidzira kuita izvi." Akati, "Endai munoparidza Vhangeri, uye zviratidzo izvi zvichatevera kuparidza." Maona? Maona?

228 Hazvisi zvekudzidza kugadzira mudzidzisi anogona kumira uye anongo, ini zvangu, kuisa zvinhu izvozvo zvinoyevedza mazviri, zvinokuita kuti unzwe kunge wakagara muhupo chaihwo hweMutumwa Mukuru. Handizvo izvozvo. "Vane zvimiro zvohumwari," muri kuonaka, iyeye mudzidzisi, kwete Mweya Mutsvene uri pabasa.

229 Mumwe muchinda mudiki asingazive maABC ake, anogona kuuya zasi neSimba rekutenda riri neShoko; oita kuti Mweya Mutsvene uite zvinhu zvisingazivikanwe nemunhu iyeye, zvino vozviramba. Maona? Hezvoka izvo.

230 Vanhu vakuru! Hongu, changamire. Zvino, ndivo varongi. Vakapfuma, vakabudirira, vakangwara muhuchenjeri hwenyika.

231 Chaizvoizvo sezvakangoita Satani kuna Evha, mudzimai mudiki uya, aisakwanisa kuzvibatsira. Akauya kwaari chaiko ndokuedza kumutengesera imwe pfungwa yekuti aizowedzera kuchenjera kupfuura zvaaiva, uye ndizvo zvaaitsvaga. Panzvimbo yekugara ipapo pane zvakataurwa neShoko, iye—iye aida kumutengesera pane pfungwa yekuti aizonge awedzera kuchenjera, zvino ndokutenga pfungwa yake. Zvino vachiri kuita zvimwe chete nhasi uno. "Huchenjeri hwenyika ino hupenzi kuna Mwari." Hongu, changamire.

232 Kwete, changamire! Oo, ini zvangu, chinongova chinhu chimwe chete nevaFarise vakazvitengesa zvizere, uye ndokuita, munoona, nehungwaru hwavanoziva. Asi—asi vachiramba Shoko rose raMwari.

233 Iro Rakanyatsoratidzwa uye Rikasimbiswa kwavari, vanoramba vachiedza kutsvaga chimwe chinhu, uye vofunga kuti Izvozvo ndezve manomano. Havana kugadzikana mupfungwa dzavo. Havagoni kuZvitenda. Unogona kuvaudza chero chinhu, uye vanodzokera zvakare; unogona kuvaudza chero chinhu, vanodzokera zvakare. Uye vanongo . . . Zvino havakwanise kuti Zvinyatsosinina, munoona. Uye vatarisei; vari kutarisira nguva, imwe mhosho chete. Ndizvo zvoga zvavanoda.

234 Ndozvazviri, dai dzanga dzisiri nyasha dzaMwari, mhosho dzangu dzese dzingadai dzakafumurwa, dai ndaiva nadzo. Maona? Inyasha dzaMwari, nekuti hamuna mhosho muShoko raMwari; ringori Vhangeri rakatwasuka. Ndakagara ndichiti, chero munhu, kana ukandiona ndichidzidzisa kana kuita chero chinhu chisiri chaizvo neShoko raMwari, huya undiudze. Hechino chinhu chinofukidza mhosho dzauri kuyedza kutsvaga. Ingoisa maziso ako paRiri, zvino hauzoone mhosho, nekuti hapana mhosho.

235 Zvino rangarirai, Judhasi akafunga kuti akawana imwe. Muchinda iyeye akafunga kuti aive awana imwe. Nguva zhinji, vanofunga kuti vanoiwana, asi zvinoratidza kuti haisi. Ndivo vatendi vekabanga, vanyengeri. Vari zvikamu makumi mapfumbamwe nezvishanu kubva muzana paShoko, ndizvo zvaivawo zvakaita Evha, asi, zvikamu makumi mapfumbamwe nezvipfumbamwe kubva mugumi; asi chakange chiri chikamu chiya chimwe chete kubva mugumi chakakonzera rufu nekusuwa kwese.

236 Ndicho chinhu chimwe chete chinopomera sangano nezvinhu, nekuti havatore Shoko raMwari rese. Ndivo vatendi vekabanga. Tinoona kuti zvagara zvakadaro, asi vanoramba Shoko rechokwadi, rakasimbiswa. Ava vagara vari muchizvarwa

chimwe nechimwe. Tinovawana pavanongoenda pamwe nevamwe, uye zvakare vachinamata zvakanyanya.

237 Zvino, ndava kugadzirira kuvhara zvino, nekuti ndatotora imwezve hafu yeawa.

238 Jesu, tinoona kuti Akatiyambira pamusoro pemazuva ano ekupedzisira uye nemhando yevanhu ava, kuti vachange vakafanana kwazvo nechinhu chaicho, zvekuti zvirokwazvo vaizonyengera Vasanangurwa chaivo. Chii ichocho? Ndivo vanaJudhasi, va—vanhu vanokwidza kumusoro kusvika apa. Tarisai, va—vanotogona kuchema chaiko, kudanidzira, vachiti vanodzinga madhimoni, zvose hazvo, zvino votendeuka voramba Shoko. Ndizvozvo chaizvo. Vane chimiro chehumwari. Vangato—vangato—vangatopotsa . . .

239 Tarisai apo Judhasi paakasvika. Mweya waJudhasi wakakwira muVhangeri, kumusoro panzvimbo yePentekosti. Asi pakazosvika panguva yekubhabhatidzwa kwake muZita raJesu Kristu, nezvimwe zvinhu izvo zvinoenderana nerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, akabuda. Akaratidza mavara ake. Zvino mweya iwoyo unogona kurarama mumasangano iwayo kusvikira wasvika paZvokwadi iyoyo, ipapo unobva wadonha uchidzokera kumashure, semweya uri pavari, uyo wakafanotungamira kuuya kwavo; sezvakangoita Johane akafanotungamira kuuya kwaJesu.

"Zvino munoti, 'Jesu akati ichange iri pedyo nepedyo kwazvo.'"

240 Zvino, "Vasanagurwa," ndiyo mhando yakave nemazita ayo muBhuku, kubva panheyo, yeHupenyu, vanotenda, kana nheyo dzenyika, vanotenda Shoko rose reHupenyu. Ndivo Vasanangurwa.

241 Zvino tarisai vanhu ava. Zvino, ndinotaura izvi neruremekedzo nerukudzo, nerudo rwaMwari; kana ndikasadaro, ndiri—ndi—ndi—ndinoda kushevedzwa kuartari, pachangu. Cherechedzai, Jesu akati vaizonyengera Vasanangurwa chaivo. Zvino, anenge asiri muMethodisti, anenge asiri muBaptisti; tinoziva kuti ndivo avo vasingatendi, pakutanga kwacho. Asi, isangano remaPentekosti rakapinzwa musangano iroro, vakatara mitsara yavo, vasina Shoko; ndokutara mutsara uye vakaisa sangano ravo ivo, ndokuisa Shoko kunze kweruzhowa. Vaizonyengera Vasanangurwa chaivo, zvakanyatsofanana chaizvo! Handiti, "Vanochema. Vanodanidzira. Vanosvetuka-svetuka. Vanoti vanoita shumiro dzekupodza." Ndizvo zvakaitawo Judhasi, uye ndizvo zvakaitawo vamwe vese. Pavakabuda, vakadzoka vachifara uye nezvinhu zvose, uye kunyangwe vakava nemazita avo akanyorwa muBhuku reHupenyu reGwayana.

242 Asi, rangarirai, Mwenga hau—hau—hauuye muboka iroro. Unoenda muKubvutwa.

243 PaKutongwa, kutongwa kwakagadzwa, "Zvino mabhuku akavhurwa, vakaipa; uye rimwe Bhuku, rinova Bhuku reHupenyu, rakavhurwa," zvino hapo paiva neMwenga ipapo kuzvitonga. Maona? Maona? "Rimwe Bhuku rakavhurwa, rinova Bhuku reHupenyu." Ndiwo makwai kune rimwe divi, uye mbudzi kune rimwe divi. Munoona, vanhu vakafa kare-kare, vasina kumbowana mukana, ndivo vacho vachazopatsanurwa.

244 Asi zvino cherechedzai, "kunyengera" Vasanangurwa chaivo, tarisai boka iroro. Ndiro boka rinotevera pamwe chete nevamwe, "Hongu, hama. Hareruya! Hongu. Kubwinya kuna Mwari!" Uye pakadzika-dzika chaipo mumoyo mako unoona zvavari kukushandisira; vova newe muchechi (sei?) kukwezva vanhu vazhinji, kuvasvina mari yose zvayo yavanogona kuwana mavari. Munofunga kuti handizvizive izvozvo? Vanogona kusafunga kuti ndinozviziva, asi ndinozviziva.

245 Jesu aiziva, kubva pakutanga, kuti ndiani aiva munyengeri. Maona? Maona? Asi chii chaAkaita? Akangomirira kusvikira nguva yacho. Ndizvo zvatinofanira kugara tichiita, kumirira kusvikira nguva iyoyo. Usazvipinze mukati pachako. Mirira kusvikira nguva yacho.

246 Kuva ne-. . . chimiro, vopfuurira mberi, ndiro boka rinonyengera. Tarisai munyengeri uya, boka iroro ipapo; kwete mu—kwete mutendi, kwete asingatendi, asi uyo mutendi wekabanga. Oo, ini zvangu! Vari kuitei? Kungoshanda pamwe nevamwe kusvikira vafunga kuti vanogona kuwana chimwe chinhu, vachitora sendi roga-roga ravanogona kuwana kubva muvanhu, munoona, uye zvadaro voiunganidza mumasangano makuru aya; ayo anopikisa zvachose, uye vanozviziva. Munoona, vanozviziva.

247 Hazvina mutsauko wazvinoita izvo zvaunotaura. Vakagara vakayambira vanhu vavo usati wauya, "MusaZviteerere."

248 Mumwe murume, aive nehushingi hwekumira imomo muOhio, apo Hama Kidd vachangopodzwa, akauya kunze uko papuratifomu, ndokuti, "Zvino, Hama Branham muporofita, pasina kupokana zvachose, kana vari pasi pechizoro. Asi zvino," akati, "kana chizoro chichinge chabva pavari," akati, "musatenda Dzidziso yavo, nekuti Yakatsveyama."

249 Uye haana kuziva, kuti ndakagara mukamuri yangu, Ishe vakazvizarurira kwandiri. Zvino ndakafamba ndokuenda zasi ikoko. Uye vazhinji venyu maivepo. Ndakati, "Sei munhu achitaura chinhu chakadaro, apo Shoko. . . " Zvino, maona, handina kumboti ndaive muporofita; ndiye azvitaura.

250 Uye muporofita, shoko rekuti *muporofita*, "muoni," Yakare Testa-. . . Zvino, mutauro weChirungu wekuti *muporofita* unoreva kuti "muparidzi." Asi *muoni* wemuTestamende Yekare aive murume akanga aine "dudziro yaMwari yeShoko," uye

zvikaratidzwa neShoko richiuya kwaari uye nekufanozviona. Ndizvo zvakanga . . .

251 Zvino munhu achitaura kuti munhu ari muporofita, uye ochizoti Dzidziso yake yakatsveyama? Kana chisiri chirongwa chekugadzira mari, ndechipi chacho? Nguva yaswedera pedyo apo chinhu ichocho chichaburitswa panzvimbo. Hongu. Asi ndiyo mhando iyo, mutendi iyeye wekabanga, anokubhabhadzira kumusana, okudana kuti "hama," sezvakangoita Judhasi. Asi, rangarirai, Aiziva kubva pakutanga. Achiri kuziva. Hongu, changamire.

252 Rangarirai, vese avo vari kuteerera tepi ino, zvakare, ndizvozvo, muri mune rimwe remapoka iwayo. Ndizvozvo chaizvo. Zvino tava kuzovhara. Munhu wese ari pano, aripo, munhu wese anoteerera tepi ino; uye kunyangwe rimwe zuva ndichifanira kuzosiya nyika ino, matepi aya acharamba achirarama. Ndizvozvo. Maona? Zvino uri mune rimwe remapoka aya. Unofanira kuva mune rimwe rawo. Ndizvozvo chaizvo. Haugone kuzvinzvenga. Uri mune rimwe ramapoka aya.

253 Zvino chii? Zvibatanidze nemumwe munhu wemuBhaibheri akatenda, apo pawakatenda Shoko paRakasimbiswa, sezvandaRiratidza manheru ano, kuti raive Shoko rakasimbiswa nguva dzose, nguva dzose richipesana nezvinotendwa zvakakurumbira.

254 Dai wakararama mumazuva aNowa, zvino rega ndingobvunza, ungadai uri kudivi ripi, divi rechechi here kana divi raNowa, muporofita? Maona?

255 Dai wakararama mumazuva aMosesi, ungadai here wakatenda mharidzo yaMosesi mushure mekunge Yaratidzwa uye yasimbiswa naMwari? Asi ungadai wakaenda here naKora naDhatani, nevamwe, zvino woti, "Hausiwe woga murume mutsvene. Vamwe vanhu vanogona kuita zvinhu izvo zvaunoitawo, zvakare"? Maona? Unofanirwa kuva mumwe, uye uri, manheru ano.

256 Kana kuti ungadai here wakava naDhanieri, kana nechechi yaive zasi uko kumabiko aNebhukadhinezari avaipa? Maona? Ungadai waiva kunze here, kana kuti ungadai uri zasi padhanzi guru, chinhu chi—chikuru chavaive nacho?

257 Ungadai wakave naEria here, murume uya akamira ega, akadanwa kunzi, "mudhara asinganzwisisike, murume akarasikirwa nepfungwa dzake," uye akamira pamusoro pechikomo, zvino musoro wake uchipenya kumusoro ikoko nezuva, aine tsvimbo yakakombama muruoko rwake, shiri dzichimupa chikafu, uh-huh, mumwe mupengo? Kana kuti waizove here nevaprisita nevamwe vese zasi uko naJezebheri, nevamwe vakadzi vose vakapfeka zvechimanjemanje? Zvino Eria akamira ipapo, achivatsiura, zvakaoma sezvaaigona!

Ndechipi chikamu chawaitora mukadzi wako kwachiri? Chimbofunga. Ingozvifananidza manheru ano.

258 Mumazuva aJesu, ungadai here wakava neMukomana uyu akanga asina tsamba dzedzidzo? Aive asina kubatana nemasangano. Vakati, "Wakabva kuchikoro chipi? Hatina Iwe pane zvinyorwa zvedu pano. Unowana sei huchenjeri uhwu? Ko Wakambodzidza sei kana isu tisina kuKudzidzisa zvinhu izvi? Wakauya nemuchikoro chipi? Uri here muMethodisti, Presbyteriani, kana Baptisti?" Aive asiri werimwe rawo. [Imwe hama inoti, "Aiva neShoko."—Mupepeti] Ndizvozvo. Aive Shoko. Ndizvozvo chaizvo, hama. Muno . . .

259 Kana kuti ungadai here wakatora divi nevaFarise vanotenda zvechizvino-zvino zvemuprisita wekare akazvininipisa aiita sekunge akapfava kwazvo uye akanaka, uye nesangano rakasimuka kubvira paKanzuru yepaNicaea, kana kuti kubvira Luther paakariita sangano? Kana kuti nderipi—nderipi boka raungadai wakava mariri? Ungadai wakava here pa . . . Iboka ripi raungadai wakava naro? Ungadai wakamira neShoko here pawakaRiona richisimbiswa nekuratidzwa kwauri, Raiva Mharidzo yezuva, kana kuti ungadai here wakatora chinhano chechechi? Zvino chingozvifananidza manheru ano.

260 Ungadai wakavepo here nevaapostora, pavakaona Jesu nezvinhu zvese izvi zvisinganzwisisike, paAkatsiura vaparidzi ivavo, akati, "Muri dendere renyoka"? Vaparidzi ivavo vakare vakatendeka, vakanzvera Shoko iroro. Akati, "Hapana zvamuri kunze kwekuva bako rembavha, uye maka—makazara nemapfupa evanhu vakafa. Hapana zvamuri asi mudhuri wakaiswa pendi chena." Maona? "Imi chizvarwa chenyoka." Ungadai wakamira neMuchinda ane musoro unopisa kudaro here, Akamira ipapo akatsiura nekuputsira pasi? Akati, "Ndiani pakati penyu anogona kuNdipomera chivi? Kana Ndikasaita zvakataurwa naBaba . . . "

261 Vakati, "Usaterere. Muchinda iyeye ane mweya wakaipa paAri. Anopenga. Anopenga. Ane—Ane mweya wadhiyabhore paari. Maona? Zvino, kuti . . . maitire aAnoita izvozvo, Iye, ndiwo mweya wemuuki uri maAri. Unotaura . . . Iye chiiko? Amai vake vakava naYe ivo nemurme wavo vasati varoorana. Maona? Maona? Akadzidza kuchikoro chipi? Hatina kana chinyorwa chimwe chete chekuti Akamboenda kuchikoro chepuraimari."

262 Uye zvakadaro paAiva nemakore gumi nemaviri ekuberekwa, Akashamisa nekuvhiringidza vaprisita, neShoko raMwari. Maona? Akabva kuchikoro chipi? Chikoro cheKumusoro. Maona? "Pamunoona Mwanakomana wemunhu achiburuka kumusoro kwaAnobva." Munoona, ndicho chikoro chaKe.

263 Asi ungadai here wakamira nevaapostora, kuMunhu akadaro, kana mangange auya?

264 Kana kuti ungadai here wakafamba uchienda hako nevane makumi manomwe, uye woti, "Saka, tichadzokera kuchechi kwedu kana iri iyo nzira yaUchazodzidzisa, uchitaura kuti, Iwe, 'Mwanakomana wemunhu'? Apo, chaizvoizvo, unombori Ani? Uri Chii? Munhu akaita seni, ndinodya neWe, uye uchiedza kuti Uri chimwe chinhu. NdakaKutarisa. Ndakaona hutera hwaKo. Ndakaona Uchichema. Ndakaona Uchiita *izvi, izvo,* kana *zvimwewo*. NdakaKuona uchienda murenje nesu, nezvimwe zvose zvakadaro zvino, uye Unongovawo munhu. Uye woti Wakaburuka zasi kubva Kudenga. Izvozvo zvakandinyanyira." Ungadai wakafamba navo here? Kana kuti ungadai wakabuda pamwe nevane makumi manomwe? Kana kuti ungadai here wakafambira mberi nevaapostora naKristu?

265 Mutsvene Martin paakaedza kubatirira parubhabhatidzo muZita raJesu Kristu, muchechi, paakaramba achiedza kubatirira kuzviratidzo nezvishamiso nezvinhu, uye chechi yeKatorike yakapa murume iyeye mhosva uye yaisatombomucherechedza zvachose, uye ndokumudzingira kunze, ungadai wakatora here nzvimbo nechitendwa chechiKatorike, kana kuti ungadai wakamira naMutsvene Martin? Paakaramba kuisa mhando dzese idzi dzemifananidzo ye—yevanhu vakafa, uye nekuvanamata, kunamata mifananidzo iyoyo, nezvimwe zvakadaro, paakaramba zvitevedzwa zvakawedzerwa, akati, "Regai Shoko rive Chokwadi!" Zvino Mwari vakamusimbisa nezviratidzo nezvishamiso zvikuru, uye izvo zvaakafanotaura zvakaitika. Uye zvese zvaakaita, akafamba muMweya waMwari uye akazviratidza, uye hapana kana mumwe wevaprisita kana chero chinhu chaigona kuita chero chimwe chinhu nezvazvo. Ungadai wakatora here divi rake uye wakaenda naMutsvene Martin, kana kuti ungadai wakaenda nechitendwa chechiKatorike?

266 Zvino Shoko, zvino Shoko raMwari kana chitevedzwa chechechi, zviri pamberi pako. Unogona here kutora, kutambira zvitevedzwa zvechechi, kana kuti unotora here zvinotaurwa neShoko?

267 Rangarirai, mumazera ese zvakava sezvazviri iko zvino. Panogara paine kumwe kutenda kwakakurumbira pakati pevanhu, uye kwakagara kuchingopesana zvishoma neShoko rechokwadi. Rangarirai, hazvina kumbobvira zviri zvekuRiramba zviri pachena. Oo, kwete. Antikristu haarambe Shoko. Zvirokwazvo kwete. Anoti anoRitenda, asi kwete rese zvaRo nenzira yaRakanyorwa pano. Maona? Maona?

268 Satani akaudza Evha, Evha akaRitenda rese, asi zvishoma-shoma izvozvo chete zvaakamuudza. Vanongotora rese zvaRo kunze kwezvishoma-shoma chete, zvingava, "enda kudziva," zvingava chimwe chinhuwo zvacho; unofanira kuRitora, rose zvaro, sezvaRiri *Pano,* munoona, sekungotaurwa kwaRakaitwa *Pano*, zvinogona kukukonzera kuti udzokorore

kuita mamwe mabasa epakutanga zvekare, asi ndizvo zvinongotaurwa neShoko. Iri ndiro raive manomano raSatani kubva paakarishandisa kekutanga pana Evha, kungopokana zvishomanani zveShoko.

269 Uye, nguva dzose zvinopatsanura mapoka matatu aya evanhu, Shoko rinopatsanura vanhu ava. Muzera roga-roga zvakava saizvozvo. Zera roga-roga rakambovepo, zvakave saizvozvo, Mwari pavakatumira chimwe chinhu panzvimbo ndokuChiratidza zvakajeka, kuve Shoko raVo.

270 Zvino kune avo vanotevera, vanozviti vatendi, uye ivo vari. Kune avo vaisadzokera kumashure. Vanotenda Shoko. Chero bedzi uchigara muShoko, vanoRitenda.

271 Asi kana Rikauya richipesana zvishoma, zvisinei nekuti Mwari vanoRizivisa sei kune zvavanotenda, vanoti, "Zvakanaka, ini—ini—ini handizive nezva*Zvo*." Ndeuyo asingatendi.

272 Kana kuti unongoteverawo kuti ungoona kusvikira mawana mukana wekuti, "Uh-huh, hezvoka izvo!" Mumwe Judhasi wekubaya mumwe munhu kumusana, sezvaakaita. "Ndakaziva kuti zvaizobuda, zvino kana gare-gare. Hezvoka izvo!" Ndiye mutendi wekabanga. Zvose, chidimbu chazvo zvose hazvo, tinozviona muBhaibheri.

273 Mumwe mukomana mudiki pane imwe nguva, zasi kuno muKentucky, akakudzirwa kumusoro kumakomo, a—akanga asati ambove pedyo nepaive nechiringiriro. Vakanga vaine chidimbu chiduku chakakomererwa pamuti, asi aive asati ambozviona pachake. Akauya kuno kuLouisville, zvakataurwa kudaro, ndokugara nemukoma waamai vake. Uye vaigara mune imwe yedzimba dzakanaka, imba yembiri-yakare. Pavakapinda mune imwe yeka—kamuri dzekurarira yaive nego—gonhi raive nechiringiriro pese kumusoro kwaro, kubva kumusoro kusvika zasi kwegonhi. Maona?

274 Zvino muchinda mudiki paakatanga kumhanya nemumba, akamira. Johnny mudiki akaona Johnny mudiki. Maona? Zvino akakwenya musoro wake, zvino Johnny mudiki muchiringiriro akakwenya musoro wake. Akaseka, uye Johnny mudiki muchiringiriro akaseka. Akasvetuka-svetuka, uye Johnny mudiki akasvetuka-svetuka muchiringiriro. Maona? Akafamba achiswedera pedyo chaipo. Akafunga kuti aiva mukomana mudiki waaigona kutamba naye, saka akafamba achiuya. Ipapo, akagogodza pachiringiriro. Akacheuka, zvino vabereki vake vaimutarisa. Akati, "Amai, ndini."

275 Zvino tarisai mune *iRi,* uye ndeupi iwe? Uh-huh. Uh-huh. Ndeupi pane vanaJohnny *ava* vadiki wauri kutevedzera? Ndeupi ari iwe, munoona? Uri mumwe wavo.

276 Ndemumwe wavo, mumwe aizodzokera shure, mhosho yekutanga yaunowana, yawakadaidza kuti mhosho. Maona?

277 Zviedze neShoko uye uone kana zviri izvo, kana Shoko richiratidza zvinhu zvese. Maona, edza zvinhu zvose neShoko. Jesu akati ita saizvozvo. Hongu, changamire. "Batisisa kune izvo zvakanaka." Ndizvo chaizvo zvaAkataura.

278 Zvino tarisa muchiringiriro cheShoko raMwari, mune mamwe mazera, uye uone kuti nderipi boka revatatu ava raungazobatanidzwa mariri. Zvino chingofunga, dai wakararama mumazuva aNowa, dai wakararama mumazuva aMosesi, dai wakararama mumazuva aJesu, kana mune rimwe rawo, chero zvazviri, chingofunga kuti iboka ripi raungabatanidzwa naro. Funga nezvazvo manheru ano.

279 Zvino, chako zvino. Zvino, chimbofunga zvino. Izvi zvakadzika zvino. Uye usamhanye nepamusoro pazvo. Chinhano chako pano iko zvino chinoratidza kwauri kuti ungadai wakave neboka ripi kumashure uko. Zvino, imi muri vatongi venyu pachenyu, zvinoratidza zvamuri.

280 Mufundisi, mushumiri, ungadai uri muboka ripi Jesu paakataura chitaurwa ichocho chainge chakaoma kutenda? Chii? Chii? Mushure mokunge Anyatsoratidzwa kuti Aiva Shoko, munoona, uye zvakadaro, chitaurwa ichocho, hauna kumbonzwa nezve chimwe chinhu chakadaro, "Mwanakomana wemunhu, muchati kudii kana Akakwira kumusoro Kudenga kwaAkabva?"

281 Uye makati, "Saka, ndinoziva kwaAkazvarirwa. Ndinoziva baba vaKe, ndinoziva amai vaKe, zvino pano Anoti Achakwira kumusoro uko kwaAkabva." Zvingadai zvakakuremera zvishoma, handizvo here, changamire? Uh-huh. Zvingadai zvakanyanyisa kukuremera; ungadai usina kukwanisa kuZvitambira. Pamwe ndizvo zvimwe chete nhasi. Saka tarisa muchiringiriro cheShoko raMwari uone paumire. Oo, munyengeri wevanhu, usambofe wakazviita.

282 Tarisa, uri mune rimwe remapoka aya. Muchimiro chako iko zvino, mamiriro azvino epfungwa, kuti, iwe uri pano muungano inoonekwa, uye iwe uchange uri muungano isingaonekwe yetepi ino, mamiriro ako epfungwa pari zvino mushure mekuteerera tepi ino, anoratidza kwauri kuti uri muboka ripi. Anokuudza chaiko kwauri, kuti uri mutendi here muShoko uye uchagara naRo here, kuti uchabuda uchienda here, kana kuti uchadzima tepi iyoyo. Hmm? Zvinotaura zvawaita. Haudi kuIteerera, uye woIdzima, uchiti, "Handidi kuteerera kune Izvozvo," izvozvo, ndiye uya asingatendi. Munoona, haumire kuti uzviedze nekuona kana chiri Chokwadi kana kwete. Maona? Kana kungomira-mira mudhuze nekuedza kutsvaga mhosho paChiri, ipapo unoziva paunenge uri, zvakare. Chinokuudza.

283 Mwari vatibatsire kuChitenda nekumira paChiri, nekuvimbika kwaChiri, nekuteerera Shoko, nekuti ndiYe

Shoko. Munozvitenda izvozvo here? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti]

Regai, regai tinamate.

284 Baba veKudenga Vanodikanwa, zvakaoma sei, dzimwe nguva, kutaura zvinhu izvi, uye nekuziva kuti pamwe makumi ezviuru zvevanhu vachanzwa izvi patepi, paanenge achifambiswa achienda nenyika uye nepasi rose. Asi, Ishe Vanodikanwa, ichokwadi, ichokwadi kwazvo. Ndinonamata, Ishe, tangai machenesa moyo wangu. O Ishe, ndiedzei, ndiedzei.

285 Ingotarisai zasi pandiri, Ishe. Handina simba. Ini—ini—ini . . . nda—ndaneta. Nda—ndarukutika. Huro yangu yakashoshoma. Miromo yangu—yangu—yangu ya—ya—ya—yaoma, tingati. Uye, uye muviri wangu wave kuperezeka, ndava kukwegura. Uye—uye hadzizovi dzimwe nguva dzakawandisa, Ishe, pamwe, kupindana kwemazuva kwakawandisa, kusvikira—kusvikira pandicha—pandichange ndoenda.

286 Uye zvino ndiongorerei, zvino, Baba. Uye kana—kana paine chimwe chinhu chandiri kuita zvisizvo, uye ndisingazvizive, Imi—Imi chingochizivisai kwandiri, Ishe. Imi—Imi ndiratidzei. Nda—ndakagadzirira zvino kuchigadzirisa.

287 Ndinozvitarisa pachangu umo muchiringiriro cheShoko raMwari. Ndakamira papi? Ndiri kuona here mufananidzo wangu uchiratidza Jesu Kristu? Ndiye here munhu wandinoona muchiringiriro? Ndinoona here mumwe wevatendi vemuTestamende Yekare, kana vatendi vemuTestamende Itsva? Ndinoona here mutendi wekabanga? Ndinozviona here seuyo asingatendi asingakwanisi kumira achiteerera kuShoko, uye anotora pfungwa yemasangano pachinzvimbo chacho? Ndinozviona here ndakamirira mudhuze, ndichiedza kutsvaga pane kamhosho kadiki?

288 Ishe, kana zvirizvo, chingo—chingondichenesai, Ishe. Regai moyo wangu unge wakachena usina chinosvibisa. Nokuti, ndihwo hupenyu hwangu, Ishe, Ini . . . Izvo, ndinozvida kuti zvive zvakanaka. Hazvina zvazvinobatsira kungozviita muchidimbu, kana paine nzira yekuti zvinyatsoitwa chaizvoizvo. Ini, ndinoda kuti zvigadziriswe zvakanaka, Baba. Kwete izvozvo chete, asi ndinenge ndichitungamirira varume zvisizvo, uye nevakadzi zvisizvo, uye nevanhu vandinoda, uye vanondida; ipapo, ndinenge ndichikanganisa.

289 Uye, Baba, kana paine chero chinhu, kana ndafunga manheru ano kuti chero chechi ipi yemasangano zvairi zvakanaka; kana kuti Kanzuru yeMachechi zvairi zvakanaka, kana ruzhinji rwevanhu zvarwuri zvakanaka; Ishe Mwari, ndibatsirei kuti ndive murume zvakakwana, uye neMukristu zvakakwana, kubvuma kukanganisa kwangu uye ndomira pano uye ndotumira vanhu ava uko kwandinofunga kuti ndiko kwakanaka. Ndichenesei. Regai nditarise ndione. Asi kana

zvasvika pazvinhu izvozvo, Ishe, sekuona kwandinozviita, vaine zvimiro izvozvo uye nekuramba Shoko; unogona kuZvitaurira kwavari, asi zvakadaro vanoti, "Zvakanaka, haZvina kana nemutsauko wazvinoita. Izvo . . . Mwari havatarisiri Izvozvo zvino."

290 Ishe, ndinotenda kuti Muri Jesu mumwe chete. Ndimi Mwari mumwe chete sezvaMakagara muri. Muchiri Mwari, uye haMushanduki. Ndinotenda kuti Bhaibheri rino iShoko reNyu, uye ndinotenda kuti Imi neShoko reNyu muri mumwe.

291 Uye ndinonamata, Mwari, kuti Mugotipa Mweya Mutsvene weNyu, kumutsa Shoko, nokutipa Simba rinomutsa; kuti, rimwe zuva kana hupenyu hwapera, uye Mapedza nesu, kuti tichamutswa tokwira kumusoro Kudenga uko kwataiva, mupfungwa dzaMwari, nyika isati yavambwa. Mwari, zviitei.

292 Regererai zvivi zvedu, Baba. Kana paine varume kana vakadzi pano, vakamira mune rimwe boka riya, kunze kwevatendi vechokwadi muShoko, Mwari, chenesai moyo wavo. Kana paine chero ari kuteerera kutepi, kana vachateerera, Ndinonamatira kucheneswa kwemoyo yavo, kuti Muvachenese, Ishe. Ini—ini handidi kuvaona vakarasika. Mwari, ndinonamata kuti Mucha—Muchatibatsira kunzwisisa kuti chakaipa chimwe hachi—hachigadzirise chimwe chakaipa. Pane nzira imwe yekuzviita, ndiko kubvisa zvakaipa zvose zviviri munzira, uye togadzirisa. Uye ndinonamata, Baba, kuti Muchazviitira kwatiri, kuburikidza naJesu Kristu Ishe wedu.

293 Nemisoro yedu yakakotamiswa, moyo yedu yakakotamiswa, zvino ndinoda kuti mumbomira kwemaminitsi mashoma.

294 Pandakaona chiratidzo chekugehena, semu—semukomana mudiki, kutyisa kwaro. Zvino, ndinogona kunge ndakanganisa mune izvi. Zvinogona kungova fungidziro. Zvingangodaro. Handizivi. Zvinoita sekunge ndaive kune imwe nzvimbo. Yaive yakanyatsoita seyepanyika.

Zvino, kasiri kare, pandakaona nzvimbo dzevakaropafadzwa.

295 Pandakanga ndiri munzvimbo dzevakarasika, ndakaridza mhere, "O Mwari, musamborega munhu achiuya kuno!" Haugone, hapana rurimi rwunogona kukutsanangurira kuti matyisiro azvo akaita sei. Hapana nzira yekuti ndikuudzei. Kana muchitenda kuti kune gehena rinopfuta, rizere nemoto nesuruferi, ringadai riri ma—mafuro ane bvute anotonhorera kune zvinotaridzika zvematyisiro aiva nechinhano ichi chekurasika, uye nekusuwa kuno—kunobatanidzwa nenzvimbo iyoyo.

296 Zvino kana ndikaedza kutaura nemi nezvezvinhu zvinopfuurira kunzwisisa kwemunhu, handaitombokwanisa kutsanangura nzvimbo yevakaropafadzwa, kuti kune rugare rwakadii! Hauzombofi, hauzombochemberi, hauzomborwari;

uchigara uri wechidiki, uchigara uine hutano, uye usingazombofi; Hupenyu Husingaperi, muropafadzo rehudiki, uye kusina chivi kana chimwewo chinhu! Oo, hapana imwe nzira yekuts-. . . kutsanangura, kuzvitsanangura.

297 Kunyangwe Mutsvene Pauro, akati, "Ziso harina kuona, nzeve haina kunzwa, kana kutombopinda mumoyo yevanhu," haugone kana kuzvinzwisisa; hapana nzira yekuzvitsanangura, "izvo Mwari vanazvo zveavo, zvakachengeterwa, vanoVada."

298 Uye zvino, sezvo izvi zviri chokwadi chaicho, zvese pano pamwe neungano isingaonekwe, takafananidzwa pano, manheru ano, mune rimwe remapoka aya. Tiri vatendi vechokwadi here. . . Zviedzei neShoko. Kana Shoko rikataura chimwe chinhu, uye chechi ikataura chimwe chinhu chakasiyana, chii chaunozotora? Tarisa muchiringiriro cheShoko raMwari uone kuti iboka ripi rawakamira mariri. Zvino kana usiri, manheru ano, zvese pano nemuungano isingaonekwe, kana usiri, kana usiri pamwe nemhando iyoyo inotenda, ndingangokuisirawo here shoko remunamato zvino, kuti ugouya mumhando iyoyo inotenda?

299 Uye ungaratidza here zvimwe chetezvo, naMwari; nemusoro wako wakakotamiswa, moyo yenyu yakakotamiswa, maziso enyu akavharwa, uye pamberi paMwari? Dzimwe nguva vanhu vanongotya zvishoma, munoziva, kuita sekusimudza maoko avo, vachitya kuti muvakidzani wavo. . . Izvo, havafanirwe kunge vakadaro, asi va—vanofanira kunge vachida kumira, uye voti, "Ini, ndakakanganisa. Ndakakanganisa."

300 "Uyo ano—uyo anofukidza chivi chake haabudirire, asi uyo achareurura chivi chake achanzwirwa tsitsi." Maona? *Chivi* chii? "Kusatenda," kusatenda mune (chii?) Shoko.

301 Zvino, kana usiri muboka iroro, uye paine zvinhu zva—zvaunoona muBhaibheri zvaunongopota. . . mu—mune dzako. . . mu—mune dzako—njere dzako, iwe—iwe haugone kuzviona. Unongo. . . Unoziva kuti Bhaibheri rakadaro, asi unongo. . . Haugone kuzvinzwisisa, asi zvakadaro iwe unotoda kudaro. Iti, "Mwari, regai ndive nekunzwisisa. NdichaKuteererai."

302 Ungasimudza ruoko rwako here, woti, "Ndirangarireiwo patinonamata"? Mwari vakuropafadzei. Mwari vakuropafadzei. Zvakanaka. Maona?

303 Chaizvoizvo chimbofunga nezvazvo, "Pane chimwe chinhu here muBhaibheri chandi—ndinongo—ndisingambozivi? Ndi—ndi—ndiri—ndiri kutya kuti ndiri kuzozviwana ndiri mune rimwe remapoka acho. Pamwe ndiri kuzozviwana ndiri pamwe nevane makumi manomwe, avo ini. . . Pane zvimwe zvinhu zvandi. . . Zvakanyanyisa kundiomera kuti ndinzwisise sei kuti—kuti Mwari vanozoita zvinhu izvi, kuti Vangava sei, kuti Jesu angave mumwe chete sei, kuti—kuti zvinhu izvi. Ini—

ini handiZvinzwisise. Ndinoda kuZvinzwisisa. Ndi—ndinoda kuZvitenda. Uye, Mwari, ndibatsireiwo pakusatenda kwangu. Ndi—ndinoda kuva chikamu chaZvo. Ndinoda kuve mugoveri weShoko. NdinoRida mandiri."

304 "Kana mukagara mandiri, uye Shoko raNgu richigara mamuri, zvino kumbirai zvamunoda." Mutsvene Johane 15. Tinoziva kuti ichokwadi. Tarisai, "Kana mukagara," kwete kupinda nekubuda, kupinda nekubuda, asi, "kana mukagara maNdiri," zvino ndiYe Shoko, "uye Rinogara mamuri, zvadaro chingokumbira zvaunoda uye zvichapihwa kwauri. Uchava nazvo."

305 "Uyo anogamuchira Mashoko aNgu, nekutenda kune Iye akaNdituma, atopfuura kubva kurufu kuenda kuHupenyu." Asi unogona here kugamuchira Shoko, kutanga? Unogona here kugamuchira Shoko, Shoko rose, zvose zvaKristu? Kristu ndiye Shoko rakazodzwa. Ndiye Shoko, rakazodzwa.

306 *Kristu* zvinoreva "Muzodziwa," Shoko rakazodzwa rezuva iroro, rakaratidzwa, Muponesi, Mudzikinuri. Ndipo paAifanira kuuya, uye Aive Munhu iyeye akazodzwa kuti atore nzvimbo iyoyo.

307 Zvino Mweya Mutsvene mumazuva ekupedzisira, uchivhenekera Zviedza zvemanheru, uchidzoreredza Kutenda zvakare [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] kwakange kwakatsikirwa-tsikirwa pasi, nemumasangano; uchipomera masangano nekudzoka zvakare paKutenda kwepamavambo, neKutenda kwepamavambo kwemuBhaibheri; Bhaibheri repamavambo, uchitenda Shoko rose raRo, kwete kuriwedzera uye nekuRiita kuti ritaure *izvi* uye nekutaura *izvo*. KungoRitaura nenzira yaRakataurwa, uye unoda kuritenda nenzira iyoyo.

308 Pane mumwe here asina kumbosimudza maoko ake, angada kusimudza maoko ake, achiti, "Mwari, ndirangarireiwo"?

309 Mwari vakuropafadze, mudzimai. Mwari vakuropafadze, mudzimai wechidiki. Mwari akuropafadzei, imi. Zvakanaka. Mwari akuropafadze, muchinda mudiki. Mwari vakuropafadzei, hanzvadzi yangu. "NdinoVada. Ini . . ." Mwari vakuropafadzei, hanzvadzi, neche uku kurudyi rwangu. Uye vakuropafadzei, kumashure. "Ndinoda . . ." Uye Mwari vakuropafadze, mujaya. Uye nemi, hanzvadzi, neche kuno. Imi, hama, kune rimwe rutivi, Ishe vakuropafadzei. Mwari vakuropafadzei, kumashure. "Chingondirangariraiwo, Ishe."

310 Zvino rangarira, hausi kusimudzira ruoko rwako kwandiri; kwaVari. Kwakanangana nekumashure kwangu chaiko, zvino, Ishe vanoona ruoko rwenyu. Kunyangwe ndikarwupotsa, iVo vanorwuona. Vanoziva moyo wako. Vanoziva zviri kurova-rova ipapo. Vanoziva donzvo rako. Vanoziva zviri chinangwa chako kune donzvo iroro. Mwari vakuropafadzei, hama.

311 Mumwe munhuzve, "Ndinoda kutenda Shoko rose." Mwari vakuropafadzei. Zvakanaka. Mwari vakuropafadzei. "Ndibatsireiwo, Ishe, ndibatsireiwo." Ishe vanoona maoko enyu. Hongu, changamire. Ndizvozvo. "Pane zvinhu zvandi—ndisingagoni kunzwisisa. Ini—ini handidi kuva uyo asingatendi. Kunyangwe ndisingazvinzwisise, ndinoda kuzvitenda, zvakadaro. Ndagadzirira kutaura kuti, 'Ishe Mwari, ndiri pano. Ndinoda kutenda. Ndibatsirei pakusatenda kwangu, Ishe.'" Mwari vave nemi. Mwari vakuropafadzei. Maoko mazhinji, akawanda ari mudenga, uye achiri kuenda mudenga.

312 Unoti, "Hama Branham, zvinobatsira here izvozvo?" Simudza ruoko rwako kamwe, nedonzvo chairo, rakarurama, uye uone kuti unonzwa sei nezvazvo.

313 Wapupura kuti pane chimwe chinhu chidiki muhupenyu hwako, unoziva. Pane chimwe chinhu chidiki, haudi kuti chivepo, asi chiripo, zvakadaro. Hauzive kuti zvingaitwe sei. "Uye, Ishe, musanditendera kuti ndive Judhasi. Musatendere kuti nditevere pamwe nevamwe mu—muMharidzo, ndichingoedza pamwe kufunga kuti rimwe zuva imwe mhosho diki ichaoneka. O Mwari, kwete ini. Regai ndinyatsogara neShoko reNyu. Maona? Kana kuti pamwe ndinogona kuva uyo asingatendi anongofunga, 'Saka, kana—kana . . . saka, ko sei vamwe vese vasiri kutaura kudaro?' Maona? Ini—ini handidi kuva saizvozvowo zvekare. Ndinoda kuva mutendi. Ndinoda kudaro. Ndinoona Shoko raMwari renguva. Ndinoona Mwari maRiri. Uye, Ishe, ndiitei chikamu cheShoko iRoro. Ndiitei chikamu chaRo. Ndinoda kuva chikamu chaRo." Ishe vakuropafadzei.

314 Zvino ngatinamatei. Uye munhu wese, zvi—zvinamatire pachako, uye ndichakunamatirai. Waiziva here, rimwe zuva tiri kuzo . . . hatisi kuzove pamwe chete pano, pamwe, kwechinguva. Vamwe vedu vachatorwa, uye hatizove pamwe chete. Kune vazhinji vedu pano, apo, vamwe vedu tava kuchembera. Vamwe vedu, hatizive. Kunyange vadiki vanofa. Tinofa chero zera. Tinofanira kuparadzaniswa, uye chinhu ichi chinofanira kugadziriswa. Uye haungokwanise kusvikako zvisina kurongeka, unofanira kuuya uchiri mupfungwa dzako chaidzo.

315 Unoti, "Saka, nguva shoma ndisati ndafa, kana ndichikwanisa kuZviona." Kwete, usadaro. Unogona kunge uchisiri mupfungwa dzako chaidzo panguva iyoyo. Unogona kuuraiwa usati wasvika kumba, mutsaona. Unogona kufa nekukundika kwemwoyo. Hatizivi zvichaitika; Mwari voga ndivo vakabata izvozvo. Handivimbe kudaro.

316 Ndiri kutarisa vanhu vari kunze, kunyangwe, vakabata maoko avo nemuhwindo. Maona? Hongu, Mwari varopafadze.

317 "Ndi—ndinoda—ndinoda kuve ndakarurama. Ndi—ndi—ndi—ndinoda kuve ndakarurama." Uye zvino ngatizvigadzirisei, zvino, iko zvino. Kungoti, unogona kuzvigadzirisa kwenguva imwe chete; kana zvichibva pakadzika pemoyo wako, kana ukarevesa uchiti, "Ishe Jesu, zvisinei kuti ndezvipi, kana zvinotaurwa nemumwe munhu, Shoko reNyu richava rekutanga muhupenyu hwangu. NdinoRida muhupenyu hwangu. Ndimi Shoko. Bhaibheri rakadaro, uye ndinotenda kuti Bhaibheri iShoko raMwari. Uye ndinoziva zvitendwa nezvitevedzwa, zvakapfekedzerwa maRiri, zvariita murwi wehunyengeri. Ishe, ndichenesei kubva kuzvinhu zvakadaro, uye ndiitei kuti ndive weNyu zvachose. Ndinosimudza maoko angu kwaMuri. Ndinosimudza moyo wangu kwaMuri, izwi rangu kwaMuri, munamato wangu kwaMuri. Mwari, ndinzwireiwo tsitsi."

318 Uye maoko angu akasimudzwawo, zvakare, Ishe. Ndichenesei, O Ishe, kubva pane kusatenda kwese.

319 Kunyangwe Vakasandipa si—Simba rekufamba saEnoki uye ndorega kuve ndinofa, asi ndongova nekufamba kwemasikati ndoenda Kumusha naVo; asi, Mwari, ndinotenda kuti zvichaitika, nekuti ndinoziva kuti kuchave neKubvutwa nezuva rekupedzisira, uye basa richagurirwa panzira.

320 Uye, Baba, ndizvo zvinoreva karenda redu, mamwezve makore makumi matatu nematanhatu zvino basa rinenge rapera, uye Muchatofanira kuuya imwe nguva mukati meiyoyo kana kuti hapazove nenyama inoponeswa. Uye zvakare tinoudzwa, nevanoita zvekuverenga nguva uye neva—uye nevanhu vanoongorora zvinhu zvakadaro, kuti tava kumberi zvakanyanya makore mazhinji, mazhinji kubva ipapo, makore mazhinji mberi kumusoro uko; vanotiudza, nemakarenda, kuti tave kumberi-mberi kupfuura ipapo; pamwe kwasara makore gumi nemashanu kana makumi maviri chete. Handizivi, Baba. Asi ndinoziva, kunyangwe maererano nekarenda redu, tava kutosvika.

321 Ndinoona kuti hakuchagoni kuve kana netariro zvayo yasara, Ishe. Kuri kuuya . . . Kana vakatanga kutupfunurirana mabhambu iwayo pachavo, Ishe, panenge—panenge—panenge pachisina nzvimbo yekunorwirwa. Vacha, vachaparadzana. Uye, Ishe, rakarembera ipapo, uye zvakadaro Bhaibheri rinoti matenga ese nenyika zvichange zvichibvira. Mwari, ndinoona nguva ichioneka.

322 Ndinofunga nezvekuuraiwa kweMutungamiriri wenyika, uye zvakare nokuona mumwe uya murume akaipa achipinda, pasina kutendera kuti murume wacho atongwe, zvino ndokumupfura, mukuponda kwehutsinye. O Mwari, mumwe ane mhosva sezviri mumwe wacho. Havana kodzero yekuita izvozvo. Huipi munyika medu chaimo, inofanirwa kunge iri

nyika yeChikristu, tiri muenzaniso wakaipa kwazvo, Ishe, weMukristu. Tiregerereiwo, Ishe, nekuda kwezvivi zvedu.

323 Tibatsireiwo, O Mwari, kunyanya Chechi yeNyu, avo vakabhabhatidzwa muMutumbi waKristu wakavanzika. Apo, "Mweya ndiwo unomutsa," Makadaro. Uye sekukwira kumusoro kwakaita Mwanakomana wemunhu, naizvozvowo neMutumbi waKe uchakwirawo kumusoro. Uye Ndiye Musoro; Chechi yaKe ndiyo Mutumbi. O Mwari, Musoro ndiwo unotungamirira Mutumbi. Regai Musoro weShoko utungamirire Mutumbi waKristu. Uye ngandivewo chikamu cheMutumbi iwoyo, Ishe.

324 Ndinonamatira ava vasimudza maoko avo, uye nevese vari pano nevose vachange vari pamatepi. Ishe Mwari, ndinonamata zvakaperera. Vapinzei mukati, Ishe. Tarisai pamoyo yavo. Munoziva zvavari. Asi, semuranda weNyu, ndi—ndinoreverera vanhu, Ishe. Ndi—ndinovada. Ndinovada.

325 Uye ndi—ndi—ndiri kungoedza bedzi kuita izvi nekuti ndinonzwa kuti kutuma kweNyu ndekwekuti ndizviite. Saka, Baba, ndiri pano, ndichiita nepandinogonesesa napo... Regererai mhosho dzangu dzine hutera, Ishe. Ndinonamata kuti Mucha—Muchandipa simba, kuti ndikwanise kuzvijekesa zvakawedzerwa kuvanhu.

326 Zvino ivai nesu pano mutabhanakeri, manheru ano. Tarisai zasi pane ava, Ishe, avo vasimudza maoko avo mutabhanakeri. Ndinzverei, O Ishe, uye ndiedzei. Kana paine chakaipa mandiri, ndichenesei, Baba. Zviitei. Chenesai chechi ino.

327 Tichenesei isu tese, Ishe, kuti Shoko rigoitwa nyama pakati pedu uye kuti rizivikanwe kunyika muzuva rino. Zviitei, Baba. Nekuti, ndinokumikidza izvi, pamwe neni, nechidzidzo ichi, uye neungano ino, uye pamwe neShoko reNyu nevimbiso yeNyu, kuitira ruponeso rwemweya yedu, muZita raJesu Kristu. Zviitei, Ishe.

328 Dai Simba raMwari rauya pamusoro pedu uye ratizodza, nzira yese kubva kune mufudzi kusvika kumuchengeti wenzvimbo, uye nemunhu wese ari pano. Dai Mweya Mutsvene wauya watora nzvimbo yaWo mumoyo yedu, uye utore vimbiso yose yaMwari nekutizarurira kuti Shoko reNyu iZvokwadi. Kuburikidza neZita raJesu ndinonamata.

329 Zvino takakotamisa misoro yedu. "ndinokwanisa..." Ndinongoda muridzi weogani, kana achida, kutipa kodhi parwiyo urwu, "Ndinonzwa Muponesi wangu achidana. KwaAnonditungamirira ndichatevera." *KwaAnonditungamirira Ndichatevera.*

> ...Muponesi wangu anodana, (Iye chii? Shoko!)
> Ndinonzwa Muponisi wangu achidana,

Ndinonzwa Muponesi wangu, (zvino ramba zvitevedzwa zvako nezvinhu)
Tora muchinjikwa wako uteve- . . .

330 "Uyo asingatore muchinjikwa wake uye oNditevera, Shoko, haana kukodzera kuve mudzidzi waNgu."

KwaAnotungamirira (kudzokera zvakare kuBhaibheri, kwaAchakutungamirira) . . . ndichatevera,
KwaAnonditungamirira ndichatevera,
KwaAnonditungamirira ndichatevera,
Ndicha . . . (Kana kuri kudziva, muZita raKe; kana kuri kuartari, kubvisa nyadzi dzangu!) . . . nzira yose.

331 [Hama Branham vanotanga kuimba mahon'era *KwaAnonditungamirira Ndichatevera*—Mupepeti]

. . . Iye nemumitongo, (Ndizvozvo, izvozvi.)
Ndicha . . .

332 Uri kudivi ripi? Chii chaunoona muchadzera chako muBhaibheri, chiringiriro chaMwari, kana ndiri kutongwa zvino neShoko?

Ndichaenda na . . .

333 "Ndichaenda neShoko, zvisinei zvazvinotora. Ndiri kuenda ndichipfuura nemumitongo yaMwari. Kana ndichafanira kutora imwe yenzvimbo dzacho, ndiitei mutendi, zasi chaipo peShoko."

. . . naYe, naYe nzira yose.

Nekuti kwaAnonditungamirira ini . . .

334 Zvino fungisisa pamusoro pazvo, nepedyo chaizvo zvino. "Anotungamirira . . . "

MHANDO NHATU DZEVATENDI SHO63-1124E
(Three Kinds Of Believers)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo manheru, Mbudzi 24, 1963, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2021 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

Voice Of God Recordings
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org